WAWACAN SANGHYANG JAGATRASA

// I. ASMARANDANA

Bismillahirrahmaanirrohiim

1. Ieu téh anu digurit
   urang caturkeun nagarana
   nagara Saélan éta téh
   nagri kalangkung jembarna
   sabar adil palamarta
   wasta raja anu mashur
   jenengan Raja Ermaya

2. Ngabawah antéro nagri
   paraméswarina Ratna Wulan
   kagungan putra téh
   pameget tiluanana
   cikalna Jagatnata
   Gandasari nu kasebut
   bungsuna Jagatrasa

3. Kinten éta yuswa éta murangkalih
   jagat lima welas
   tahun sanés ibuna téh
   Dén Gandasari dalapan
   nu tujuh taun bungsuna
   wanda lungguh sareng timpuh
   socana moncorong cékas

4. Kocap dina mangsa hiji
   Kangjeng Sultan sumpeg manah // 1
   ningali putra geus gedé

nyaur salebeting manah
kumaha ieu pÉtana
ari anak éta tilu
bingung mikeun karajaan

5. Kangjeng Sultan ngerik galih
ngamanahan tilu putra
saupama ku aing téh
diturunkeun karajaan
nya ieu ka nu cikalna
kumaha éta anu bungsu
enggeus puguh nu panengah

6. Kinten wanci tengah peuting
nya dina Malem Jumaah
jalma keur meujeuhna simpé
Kangjeng Sultan kulem tibra
éta nya aya ilapat
aya sowara kadangu
kadangu ku Kangjeng Sultan

7. Sultan manéh masing éling
ulah pisan arék salah
ngan mikiran anak waé
naha manah jadi susah
rék nurunkeun karajaan
éta budak anu tilu
ku manéh kudu piwarang

8. Sina kaluar ti nagri

téangan sahiji hayam
panonna inten moncorong // 2
hulu jeung sukuna emas
rintit buluna téh pérak
kongkorongok maca kulhu
saha-saha anu meunang

9. Éta jadi sultan pasti
anu meunangkeun éta hayam
sanajan bungsuna ogé
jeung jadi jumeneng sultan
piwuruk éta sakitu
coba lampahkeun ayeuna

10. Kangjeng Sultan lajeng tanghi
sakalian badé abdas
sujud sukur ka Yang Manan
geus tamat lajeng kaluar
jeung sultan lajeng ngadawuh
nimbalan ka Panakawan

11. Coba saur Dén Patih
Arya Jati Wiranata
kudu iringkeun ku manéh
Demang Rangga duanana
ngabehi jeung kanuruan
sakalian Dén Panghulu
panakawan gesit mangkat

12. Panakawan enggeus indit
geus dongkap ka Radén Patih

énggal dipariksa baé
arék naon panakawan
anu matak rurusuhan // 3
unjukna nyembah piunjuk
gamparan disaur énggal

13. Gancang angkat Radén Patih
sumping ka payuneun raja
gék calik nyembah mando
under ka lék tur jeung jaksa
sadayana geus darongkap
Radén Panghulu pan kitu
hempak di payuneun sultan

14. Sadayana tungkul isin
taya anu wani tanggah
sadayana mando baé
Kangjeng Sultan jeung ngadika
ka sadayana para ponggawa
sakalian Kang Panghulu
kawula arék mupakat

15. Réh kawula peuting tadi
di jero eukeur tirakat
tengah peuting eukeur simpé
nya éta malem Jumaah
kawula boga impian
dina sajero pituduh
anu tilu anak kula

16. Sina kaluar ti nagri

néangan sahiji hayam
sarta inten panonna
hulu jeung sukuna emas
sumawonna pamatukna // 4
sarta buluna téh kudu
bulu rintit éstu pérak

17. Tah kitu kawula ngimpi
ih saha anu meunang
bakal jadi ratu baé
di dieu jumeneng sultan
saha baé anu meunang
éta barudak anu tilu
nya éta nu jadi sultan

18. Cedok nyembah Radén Patih
kawula nun dawuh sultan
ku abdi kahartos baé
ari raos sim abdi mah
Gusti kedah ngamanahan
pituduh téh moal palsu
perlu anu saenyana

19. Ayeuna mah putra-putra Gusti
nya éta anu tiluan
ngan kedah disaur baé
pundut kasanggupanana
perlu diparios heula
Kangjeng Sultan ngadawuh
jig papagkeun ku karÉta

20. Den Patih angkat pribadi
mapagkeun putra nu dua // 5
nu keur ngaos di pasantrén
hanteu lami Patih dongkap
lajeng Dén Patih ngandika
Agan ayeuna disaur
ku Rama diantos pisan

21. Énggal dangdan murangkalih
rayi jeung raka sapasang
pinter nya kitu kénéh
teu aya pisan bédana
ti pasantrén geus angkat
di jalana teu dicatur
nu aranom geus darongkap

II. SINOM

1. Para putra ngadeuheusan
sakalintang tina ajrih
Kangjeng Sultan seug ngandika
dumareuda bari nangis
watir ninggal anu leutik
regepkeun ku manéh Agus
dicatet nu saéstuna
poma ulah gindi pikir
kudu turut ku manéh kahayang Mama

2. Yén tadi malem Jumaah
Ama ngimpi sidik teuing
tétéla kabina-bina

ngimpi boga hayam hji // 6
alusna kaliwat saking
éta anu cara kitu
alusna kabina-bina
bulu pérak sarta rintit
panon inten huluna bulu emas

3. Ayeuna manéh téh Ujang
ku rama di perih pati
ku ujang kudu téangan
poma-poma sing gumati
ku ujang masing kapanggih
impian Ama kitu
saha-saha anu meunang
ku Ama diganjar pasti
dijenengkeun jadi sultan di nagari

4. Radén Kumbang Jagatnata
cedok nyembah unjuk ta'dim
kawula nun kanjeng rama
manawi putra katampi
sanggem pisan jisim abdi
milari impian kitu
namung ieu dulur dua
moal dikantun ku abdi
langkung nyaah tina masih kénéh budak

5. Keun baé abdi sorangan
bade milarian bukti
hal impian kangjeng rama
Gandasari seug ngalahir

Engkang ngiring jisim abdi
ditilar abdi teu wantun
Rayi téh melang ka Engkang // 7
Dén Jagatnata ngalahir
aduh Rayi manéh ulah milu Ujang

6. Sabab manéh masih budak
Akang kaliwat hawatir
padahal dina manahna
aya timburu ka rayi
sieun kalindih ku adi
jero manah éta kitu
anu nyaram keukeuh ulah
nu rék milu kitu deui
keukeuh baé Rayi Engkang kedah candak

7. Kanjeng Sultan seug ngandika
Ujang sanggem sukur teuing
ayeuna baé nya iyang
sarta dipaparin duit
pakarangna hiji keris
keur parabot ieu Agus
masing hadé dijalanna
sarta kudu ati-ati
sing kapanggih éta téh impian Ama

8. Agus mangkat Jagatnata
munjungan ka Kanjeng Gusti
Kanjeng Sultan seug ngandika
di du'akeun beurang peuting
mugi sing salamet nya diri

ka sadaya radén munjung
mundur ti payuneun raja
anggeus jauh ti nagari
kira-kira jauhna geus sapuluh pal

9. Tunda heula anu angkat // 8
nyrioskeun Gandasari
sareng Raden Jagatrasa
payuneun rama narangis
aduh ama Kanjeng Gusti
jisim abdi hayang milu
ka Engkang Dén Jagatnata
idin teu idin jeung Gusti
rék nuturkeun di mana waé tepangna

10. Kanjeng Sultan seug ngandika
bari ngarangkul janggut
aduh Agan anak Ama
ujang masih kénéh leutik
Mama melang liwat saking
rasa Mama tong milu
keukeuh waé arék iyang
Kangjeng Sultan seug ngalahir

11. Atuh Ujang sing iatna
di jalan sing ati-ati
ulah pisan rék basangkal
sing bisa ngajaga diri
kudu hurmat sarta ta’dim
ulah gÉtas ulah rusuh
boga rasa anak sultan // 9

seug ngadak-ngadak pelekik
ka nu leutik kasasama henteu hurmat

12. Baring supagi mun Ujang
tepi kana takdir diri
bisa nyekel pagawéan
pitulung Robil Alamin
eukeur sangsara nya diri
anggeus bisa jadi ratu
éta téh sing hadé pisan
ngajaga diri pribadi
kudu adil masing gedé nya hampura

13. Sing nyaah ka nu ti handap
sarta asih ka nu leutik
karana mungguhing raja
dijungjungna ku nu leutik
pang disebutna Gusti
urang teu cara tikukur
jenengan nyieun sorangan
kudu kalawan nu leutik
enya éta ka urang aya nu ngangkat

14. Masing éling salawasna
piwejang ama nu yakti
Ama beak teuing ku nyaah
bisi ujang gagal diri
sababna jaman kiwari
réa pisan nu adigung // 10
rasana yén anak ménak
sok caluntang salah pikir

nurut loba pisan éta jalma henteu

15. Jalma anu sok bantahan
ahirna cilaka diri
rupa cara anu acan
nu doraka kitu pasti
ujang téh sing ati-ati
ngajaga badan sakujur
poma ulah arék sasalah
sing hadé ngajaga diri
atuh hadé rék nyusul Ujang ayeuna

16. Ama mah ngan sambung du'a
neda-neda ka Yang Widi
ujang sing salamet awak
ulah pinaggih balai
jeung dulur masing rarapih
ulah sok kajurang napsu
reujeung dulur mumusuhan
sarta pada ngandung ati
ulah kitu jeung dulur masing bélaan

17. Gandasari cedok nyembah
munjungan ka Kanjeng Gusti
dirontok digalémohan // 11
ku ibuna bari nangis
seug dipaparin duit
duaan téh lima puluh
ibu ngadu'akeun pisan
Ujang seug salamet diri
masing sabar tawekal Ujang mun bahla

18. Gandasari Jagatrasa
geus lungsur ti pancaniti
duaan rayi jeung raka
ku ibuna ditingali
diawas disidik-sidik
angkatna téh maju ngidul
lapat-lapat teu katinggal
geus jauh ti nagarina
kira-kira jauhna téh sapuluh pal

19. Kocap tepang jeung rakana
dina leuweung anu suni
Jagatnata seug mariksa
rék ka mana Gandasari
manéh téh nyusul ka aing
Gandasari nyembah matur
kawula nun dawuh raka
tuang rayi badé ngiring
abdi keueung papisah sareng pun Akang

20. Paéh hirup gé ngiringan
ditilar abdi mah alim
ka mana keresa akang
seja ngiring siang wengi
Jagatnata seug ngalahir
Gandasari ulah milu manéh // 12
manéh téh kudu marulang
mun keukeuh manéh di peuncit
mun keukeuh manéh di peuncit
Gandasari ngawalon Kang Rayi pasrah

21. Bijilna napsu Jagatnata
sarta bari nyabut keris
“Sia hayang jadi sultan
mana keukeuh teuing
geura henjor mantog Sari
lamun sia hanteu turut
anggeus tangtu dipaéhan
ieu ténjo congo keris”
seug ngawalon Gandasari Jagatrasa

22. “Engkang Rayi lillah pisan
mulang taya rayi alim
Jagatnata kasengenan
panangan Dén Gandasari
duanana seug dirampid
duanana nangis tungkul
pananganana dicandak
ditewek baé ku keris
duanana raka-rayi bobor pisan

23. Raka rayi anggeus wapat
duaan patumpang tindih
Jagatnata tuluy angkat jauh
jauhna kira-kira sapeuting // 13
taya réncangna sahiji
turun gunung unggah gunung
nyorang pasirna bubulak
nyorang leuweung anu bun
enggon maung, singa, banténg sareng badak

24. Tunda anu leuleuweungan
nyarioskeun hiji nagri
nyarioskeun hiji nagri
di Nagara Puseur Jagat
Rajana Galudra Paksi
ti nagara seug indit
jeung patih hiber ka luhur
geus tepi ka awang-awang
ngaluhuran Gandasari
barang maju patih ningali ka handap

25. Barang geus dongkap ka handap
bet tétéla murangkalih
duaan patumpang tindih
jalma kaniyaya teuing
barudak masih laleutik
naha urutna disuduk
ieu téh tapak sanjata
Galudra lajeng ngalahir
coba patih beulit anu manis gancang

III. DANGDANGGULA

1. Geus dibeulit éta murangkalih
nya ku oray patihna Galudra
tapi jongjon baé maot
gancang dibawa ngapung
manuk hiber ngawang-ngawang // 14
henteu kocap di jalanna
ka nagara cunduk

énggalna lungsur ka handap
anggeus datang kana wates pisan nagri
saluareun kaca-kaca

2. Tuluy angkat Galudra ka nagri
sarta nyandak éta bangké téa
anggeus sumping ka karaton
di bumina geus tagiwur
murangkalih kasép teuing
ku manuk disileungleuman
meunang tujuh isuk
murangkalih anu dua
geus salamet biasa cara sasari
murangkalih téh garugah

3. Sang Galudra mariksa jeung nangis
aduh ibu arék nanya
kumaha Agus lalakon
nya saha kakasih Agus
ibu rama saha deui
nagri Enéng téh di mana
lembur anu matuh
banjar karanglayungan
sareng Enéng téh meunang
saha anu nganiyaya

4. Gandasari piunjuk jeung ta'dim
kawula nun parios gamparan
lembur abdi nu sayaktos
jeung rama Sultan Agung
di Saélan cepeng nagari // 15

kakasihna kangjeng rama
anu angger mashur
Radén Gandaermaya
ari ibu Ratna Wulan nya kakasih
ari wasta sim abdi mah

5. Anu nelah Radén Gandasari
ieu abdi Radén Jagatrasa
purwana abdi nu yaktos
ngemban timbalan ratu
néangan buktina impian
malem Juma'ah Jeng Rama
geus aya pituduh
kagungan sahiji hayam
langkung alus bulu pérak sareng rintit
hulu jeung sukuna emas

6. Saha-saha anu kéngéng bukti
ngabuktikeun impian jeung rama
dijenengkeun sultan anom
anu sanggem téh pun dulur
pang gedéna lanceuk abdi
anu jenengan Jagatnata
angkatna ti payun
ku tina abdi téh melang
ku pun dulur disusul pandeuri
kapendak eukeur di jalan

7. Pun dulur téh mariksa abdi
na rék naon manéh téh daratang
jisim abdi seug ngawalon

tuang rayi hayang milu
ka mana baé rék ngiring // 16
ari saurna pun kakang
manéh montong milu
jisim abdi keukeuh hayang
pun dulur téh teu ngawaro ka sim abdi
tuluy abdi di telasan

8. Kitu Ibu awitna sim abdi
anu mawi pinanggih jeung bahla
manuk Galudra ngarontok
ari kitu mah nya Agus
ibu nyaah liwat saking
ari ibu ka tuang rama
saéstuna dulur
ka Agan téh pernah suan
sukur pisan agan di dieu caralik
ku ibu dijieun raja

9. Jagatrasa Radén Gandasari
ngawalonan sarta hormat
kakuping dawuhan ibu téh
aya kurnia Jeng Ibu
tatapi lampah sim abdi
sanés nampik pasihan
ngan abdi melang ka dulur
ka pun kakang Jagatnata
langkung melang patinggal jeung dulur abdi
putra téh badé neangan

10. Éta manuk Galudra ngalahir

bener pisan ku Agan téangan
Jagatnata dulur Éyang
jeung nyusul dawuhan ratu
moal hadé Ujang teu indit
hé ieu ibu méré jimat // 17
méré jimat jeung ngadukung
kaos sareng duhung kasiat
kaos éta lamun hayang ngapung misti
Éta keris tangtu gagah

11. Kaos keris éta keur Ki Gandasari
ari ieu hiji panah
eukeur milik adi manéh
ké tampanan ieu Agus
ku Jagatrasa di tampi
nya éta ni hiji panah
paparin ti Sang Ibu
Dén Gandasari haturan
kawula jisim abdi nyuhunkeun widi
badé néangan pun kakang

12. Cek Galudra hadé Agus geura indit
geura susul Radén Jagatnata
ka dieu angkat téh nya los
dijajapkeun ku tuang ibu
énggal angkat Gandasari
sareng Rayi Jagatrasa
Galudra angkat ti payun // 18
geus kaluar ti nagara
ceuk Galudra barina ngalahir deui
Ibu ngaduakeun Agan

13. Sang Galudra geus mulang ka bumi
geus mulih ka pamengkangna
kocapkeun murangkalih téh
turun gunung unggah gunung
nyorang lebak mapay pasir
nu didahar pupucukan
asup leuweung luang-liung
engon maung sareng badak
gorék teuweuw manuk disada ti peuting
warna-warna sasatoan

14. Lebah dinya kira wanci magrib
Gandasari jeung Jagatrasa
nyimpang kana kai gedé
caralik narangkeup tuur
duaan pada narangis
émut baé ka Jagatnata
melangna kalangkung
murangkalih duanana
kulem tibra éta di handapeun kai
barang anggeus rada beurang
barang anggeus rada beurang

15. Gandasari ngalahir ka rayi
"Aduh Rayi Radén Jagatrasa
kumaha baé urang téh
ka mana anu dijugjug
ku Akang henteu kaharti
ka mana nya urang jalan // 19
wet ieu kasarung"

Jagatrasa ngawalonan
“kawula nun ari raos tuang Rayi
urang turut anu bala

16. Da geus urang téh di takdir
urang bakal leuleuweungan
urang téh wayahna baé
da geus kersana Yang Agung
urang nandangan prihatin
mangga atuh urang iyang”
ti dinya anggeus maraju
asup kana leuweung bala
di handapna béh manggih wahangan cai
tapi teu gedé caina

17. Jagatrasa jeung Gandasari
pék mareuntas rayi-raka
caina ngadadak gedé
banjir gedé jeung ngaguruh
tuluy meuntas murang kalih
galéyong kabawa caah
dongkap kana dungus
kabawa ku cai caah
ngojayna henteu bisa ka belah sisi
kerelep radén ka handap

18. Barang émut dina dasar cai
béh patapan raresik kacida
kagungan Tuan Syeh Jubed
pandita énggal ngadawuh
“Bagéa nu anyar sumping

na arék ka mana Agan” // 20
lajeng Gandasari munjung
ari dawuhan pandita
“Arek naon Agan téh datang ka aki?”
aya naon nya kasusah

19. Gandasari nyembah hatur ta’dim
kawula nun pariksa jeung Éyang
sadaya-daya abdi téh
Éyang anu langkung ma’lum
nu uninga kasusah abdi
nyatur deui Syéh Pandita
enya bener ujang kitu
saenyana éta Agan
keur diutus ngemban timbalan ti Gusti
ti jeung rama Sultan Saelan

20. Anggeus ngimpén éta Kangjeng Gusti
boga hayam éta bulu pérak
panonna inten moncorong
suku emas reujeung hulu
tuang rama nya kakasih
Radén Gandaermaya
jadi sultan mashur
nya Kangjeng Sultan miwarang
anu sanggup Jagatnata kana bukti
dianti ku Kanjeng Rama

IV. KINANTI

1. Éyang téh kalangkung sukur
ka dieu Agan sarumping // 21
di dieu baé heulanan
kira-kira tujuh peuting
ku Éyang arek dijiad
ku isim-isim nu matih

2. Di patapan Dén Bagus
taya damelna ngan ngaji
sadaya élmu geus paham
ngélmu dohir ngélmu batin
taya pisan kakirangan
ngangantos paidin mulih

3. Pandita lajeng ngadawuh
putu Éyang Gandasari
sakalian Jagatrasa
Éyang téh mere pépéling
réhna radén putra sultan
poma ulah salah tampi

4. Masing hadé tindak tanduk
radén téh baring supagi
dongkap kana kadar awal
jadi sultan nyakrawati
kudu sing gedé timbangan
masing adil ka nu leutik

5. Karana mungguhing ratu
dijungjungna ku nu leutik
ulah sok boga rumasa
da aing mah nyakrawati
ka somah taya hampura // 22
rumaos agung pribadi

6. Ulah ngarah késang batur
ka somah ka nu laleutik
da rasa manéh kapala
ngarah tanaga nu leutik
éta ulah kitu Ujang
karunya ka nu laleutik

7. Kapala mun geus kitu
tangtu gé loba duit
beunang ngarah ti somahna
Radén masing éling-éling
éta ulah diturutan
kudu gedé nya hawatir

8. Ningal barang anu alus
nu patuh aya di Gusti
kudu galeuh sahargana
kudu galeuh sahargana
ulah rék ditawar deui
sabaraha kahayangna
éta téh kudu dibeuli

9. Tah kitu adilna ratu
ku Agan masing kaharti

sagala piwuruk Éyang
ingetkeun beurang jeung peuting
poma Agan ulah salah
kudu catet dina jero ati

10. Piwuruk éyang sakitu
ku Agan kudu dipikir
héh ieu Éyang wasiat
sahiji sanjata keris
jeung ieu sahiji panah
buat milik Gandasari

11. Jagatrasa aji lumpuh // 23
sareng jimatna sakali
sarawuh ieu kaosna
jeung ajian raga wilis
paranti ngumpulkeun balad
siluman sareng dedemit

12. Hasiatna keris alus
lamun eukeur perang sabil
upama paké maéhan
geus kudu paéh sakali
sakumaha loba balad
éta tangtu baé mati

13. Jimat kaos kana ngapung
sakumaha musuh sakti
éta kudu baé beunang
Akang mudu baé éling
ayeuna Agan geus lila

mangga geura maju deui

14. Ka mana anu dijugjug
ngan Éyang méré pépéling
ulah rék ninggal ka tukang
jeung di hareup gé kapanggih
aya jalan dua cagak
ujang sing inget ka jangji

15. Ari éta anu katuhu
jalan lénang sarta busik
éta ulah dijalanan
anu kénca éta misti
sanajan jalanna bala
nya jalan ka dinya misti

16. Gandasari cedok munjung
duaan raka jeung rayi // 24
ti patapan anggeus jeungkar
dongkap kana sisi cai
duaan anggeus arangkat
sup asup ka leuweung deui

17. Nyawang leuweung luwang-liwung
turun gunung unggah pasir
ka lebak nyorang bubulak
enggon maung jeung surili
rayap monyét reujeung badak
nu angkat jongjon prihatin

18. Geus kaluar tina gunung

duaan dinya caralik
dina handapeun kiara
tiis angin ngadalingding
badami baé duaan
Jagatrasa Gandasari

19. Barang bréh ningal ka payun
jalan cagak katingali
nu kénca bala kacida
nu katuhu lénang beresih
disampeurkeun ku duaan
badami raka jeung rayi

20. Radén Gandasari nyaur
teu kaduga akang rayi
ninggal jalan nu bala
hayang ka dieu beresih
ngawalonan Jagatrasa
moal saé ninggar jangji // 25

21. Rayi Akang mah teu wantun
jalan bala liwat saking
mangga ku Rayi manahan
Jagatrasa walon deui
ari rumaos Rayi mah
temahna cilaka diri

22. Ngalanggar piwuruk guru
réa conto nu geus bukti
tangtuna meunang cilaka
éta kitu raos Rayi

moal saé diahirna
ku urang tangtu kapanggih

23. Barangna keur gunem catur
datang ribut hujan angin
ngaguruh jeung dor-dar gelap
poék medem butaradin
hanteu kapendak tuluy angkat
tapi misah masing-masing

24. Gandasari ka katuhu
angkat jongjon nu prihatin
Jagatrasa ka kénca
tapi raos Gandasari
manéhna taya keueungna
sareng Jagatrasa rayi

25. Gandasari urang catur
ayeuna eukeur perihatin
angkatna téh leuleuweungan
turun gunung unggah pasir
barang anggeus rada caang
remeng-remeng katingali // 26

26 Barang bréh ninggal ka pungkur
ningalian éta rayi
diawas-awas teu aya
bari nyaur Gandasari
Gandasari ieu Engkang
masing gancang manéh Rayi

27. Hanca geus nyambung gunung
anu kasép Gandasari
Jagatrasa ieu Engkang
masing gancang angkat Rayi
ngaréndéng ningal ka tukang
rayi teu aya pandeuri

28. Ya Alloh nu Maha Agung
sartana nu sipat Rahim
mugi dikabul paneja
abdi papisah jeung adi
hirup gé hanteu paédah
neda paéh jisim abdi

29. Dén Gandasari ngajentul
barina nyabakan keris
aduh Rayi Jagatrasa
Engkang téh dongkap ka takdir
Engkang jeung Rayi papisah
erek neweuk manéh ku keris

30. Muga-muga ka Yang Agung
Rayi sing salamet nya diri
sarta sing aya darajat
Rayi sing sugih mukti
sareng Engkang moal tepang
anggeus nepi kana jangji

31. Radén Gandasari maju
barina sesegruk nangis // 27
tunda anu leuleuweungan

nyarioskeun hiji nagri
Nagri Majeti ngaran
gedéna kaliwat saking

32. Ngabawah salawé ratu
istri nu jadi bopati
gagah sakti bijaksana
istri geulis tur binangkit
tedak Srikandi wandana
kakasih Walangsasih

33. Patihna Dén Arya Wulung
éta rayi agan putri
éstu saibu sarama
bungsuna Dén Walangresmi
geulisna sarupa pisan
taya géséhna saeutik

34. Endén Walangsasih nyaur
cing ka dieu Rayi Patih
cedok nyembah Radén Patya
kumaha baé pÉtana
cing coba ayeuna Rayi
Aceuk teu boga salaki

35. Radén Patih Arya Wulung
piunjuk jeung hormat ta’dim
Aceuk hanteu aya tanding
ari raos Kang Rayi mah
mung manawi karempagan
saémbara baé di nagri

36. Suratan ka ratu-ratu // 28
sareng ka ponggawa mantri
saha-saha anu kiat
tandingan jeung aceuk putri
geus tangtu éta jodona
tah kitu raos sim abdi

37. Raja Walangsasih nyaur
bener kitu Rayi Patih
coba sadaya suratan
para raja unggal nagri
Aceuk téa boga jimat
tarajé pusaka nagri

38. Seukeutna kaliwat langkung
pakarang taya nu tanding
upama jalma naékan
geus kudu misan sakali
éta kitu hasiatna
ku Rayi kudu ditulis

39. Barang hiji jimat panggung
luhurna antel ka langit
sartana maké dikuta
kuta besi tujuh lapis
éta saha anu bisa
geus tangtu jodo ka kami

40. Upama aya nu sanggup
naékan jimat nagari

nya éta tarajé emas
nepi kana kuta beusi
pijodoeun téh nya éta
cing geura pék Radén Patih // 29

41. Éta Radén Arya Wulung
geus angkat ti payun putri
teras baé ka paséban
ngadamel serat Dén Patih
parantos ngadamel serat
mungkur nimbalan ka mantri

V. PANGKUR

1. Éta Dén Patih ngandika
coba téang ku manéh éta mantri
leumpang masing bisa rusuh
sing gancang ka kantor kawat
Radén Mantri ti paséban gura-giru
geus dongkap ka kantor kawat
harita surat geus indit

2. Hanteu kocap di jalanna
éta surat ku raja-raja katampi
surat ngemarakeun ratu
pék ku raja dimanahan
ku raja anggeus ka ma'lum
di bujeng baé énggalna
para raja geus sarumping

3. Anggeus kumpul raja-raja
Banyuwangi Hindustan Raja Keling
Nusabarang jeung Balitung
malah parantos sadia // 30
para mantri leknan ajidan serdadu
taya pisan kakurangan
geus heurin usik di nagri

4. Raja Putri seug ngandika
geuwat-geuwat masing gancang Radén Patih
Dén Patih Arya Wulung
sumping ka payuneun raja
Walangsasih ka Radén Patih ngadawuh
kumaha Rayi ayeuna
raja téh anggeus sarumping

5. Dén patih hatur unjukkan
kawula nun ayeuna parantos sumping
sadayana ratu-ratu
anu caket anu anggang
gewasagi ponggawa di alun-alun
ngarantosan raja-raja
teu aya antoseun deui

6. Énggal nganggo kangjeng raja
tambah geulis cahayana raja putri
panganggo hurung ngagebur
jimatna kabéh dicandak
anu geulis ti kadaton anggeus lungsur
diiring ku paraemban
ka luar ti pancaniti

7. Ngalénghoy raja angkatna
nu ningali sadaya sumeblak manah // 31
éta kudu Endén Ratna Ayu
mani sérab nu ningali
kapoékan ku jalma nu sing kudupung
geulis kawuwuhan gandang
angkatna tedak Srikandi

8. Sadayana pararaja
suka bungah tina bogoheun téh teuing
sadaya pada saranggup
anu angkat pangheulana
Raja Keling gancangna naék ka luhur
barang meunang dua hambal
gedebuk hos baé mati

9. Datang Raja Nusabarang
tuluyna naék gedebuk misan sakali
katiluna Raja Kanjung
Banyuwangi jeung Hindustan
Raja Bagdad, Raja Banjar, jeung Balitung
anggeus taya anu bisa
para raja cacad diri

10. Geus ngaguruh tatabeuhan
anu surak pacampur jeung sora bedil
manem patingjelegur
campur reujeung anu surak
tatabeuhan anu geus ngaguruh
wadia balad ramé surak

ngadurduran sora tanji

11. Sadayana para raja
paék galih para raja hanteu wani // 32
teu aya nu wani maju
patulayah éta babatang
urang tunda carios nu Agan Ayu
nyarioskeun nu sangsara
keur di leuweung Gandasari

12. Nu prihatin jongjon angkat
bari nangis sasambat ka tuang rayi
ya Alloh nu Maha Agung
muga-muga Jagatrasa
sing salamet rahayu badan sakujur
Rayi didu'akeun pisan
Rayi sing salamet nya diri

13. Ti nu bala geus ka luar
anggeus dongkap kana wates pisan nagri
ngadangu jalma ngaguruh
éta radén calik heula
sasauran dina salebeting kalbu
itu téh kawas nagara
mana ramé-ramé teuing

14. Gandasari lajeng angkat
geus lumebet ka nagara Agan Putri
nu surak ramé ngaguruh
nu surak ramé ngaguruh
radén téh kebat nyarita

ka kumendan aya naon kawula nun
anu mawi raraméan
kumpulan ponggawa mantri

15. Kumendan seug ngawalon
kawula nun ieu saémbara putri
malik naros kuring Agus
Agan téh anu ti mana // 33
cocog pisan upami jodo ka ratu
nu geulis sareng nu gandang
geus taya kirang saeutik

16. Ieu agan saémbara
saha-saha anu bisa meunang putri
putri nu aya di luhur
geus tangtuna jadi raja
tah sakitu nu mawi pada kumpul
ngabawah antéro raja
nya ieu Nagri Majeti

17. Gandasari énggal angkat
sinjang batik dibeubeuran tarik
kana tarajé geus maju
sareng terus ditaékan
kira-kira dua hambal jeung katilu
Gandasari kapidara
dongkap kana titis tulis

18. Geus nepi kana ajalna
Gandasari ragrag ti luhur seug mati
nu surak éar ngaguruh

loba batur itu tingali
sinatria karunya ragrag ti luhur
nyaah teuing ku kasepna
tapi élmuna mah ipis

19. Gandasari urang tunda
nyrioskeun Jagatrasa nu prihatin
barang ningali ka payun // 34
rakana téh hanteu aya
segruk nangis Jagatrasa bari nyuuh
sasambat aduh Kang Raka
ieu Rayi ngiring mati

20. Naha Engkang mana téga
ieu rayi ditilar baé pribadi
dina leuweung luwang-liwung
ka mana Engkang nya angkat
ieu rayi ku Engkang antosan pupus
hirup gé Rayi sangsara
teu guna aya di lahir

21. Radén Jagatrasa angkat
hanteu eureun angkatna téh beurang peuting
turun gunung unggah gunung
nyorang tegal anu bala
enggon monyét surili jeung enggon lutung
sato héwan éta aya
nyampeurkeun anu prihatin

22. Jagatrasa kasengenan
datang pusing nyabut keris hanteu lami

sasatoan nu di gunung
ti dinya diudag-udag
manggih gajah jeung éta maung disusul
anu beunang di belékan
beuteungna kaluar peujit

23. Radén téh kalunta-lunta
angkatna téh nyalira di leuweung kai // 35
éta sato kabéh kabur
sieuneun ku Jagatrasa
teu daék ngadeukeutan ka nu napsu
ningal éta pakarangna
ngagebur pamorna keris

24. Jagatrasa eukeur angkat
anu émut ka raka jol segruk nangis
sumping kana luhur gunung
beresih sartana lénang
barang ningal éta ka sabeulah kidul
béh manggih sahiji imah
éta hanteu aya deui

25. Radén nyampeurkeun ka dinya
barang gok téh ti imah aya nu bijil
sarta gedé jangkung luhur
sihoréng éta téh jaksa
tuluy ngomong naha manéh leuwih alus
sarta kasép mancur pisan
jalma atawana ipri

26. Dén Jagatrasa ngandika

coba ténjo kadelehna aing ipri
aing téh manusa éstu
jeung aing téh anak sultan
ngaran aing Jagatrasa anu mashur
jaksa téh leuleus omongna // 36
undur tukang semu miris

VI. DURMA

1. Sukur Enéng téh ka dieu datang
di dieu Enéng nya cicing
ku Bapa dipulung anak
Radén téh da montong angkat
di dieu baé nya calik
montong ka mana
Jagatrasa walon deui

2. Hanteu suka aing téh cicing di sia
titah cicing di tempat jurig
ayeuna aing rék iang
keur aya nu diseja
jaksa ambek jeung ngagidir
kabet narajang
ngarontok jaksa ngaguling

3. Gancang hudang jaksa téh deui narajang
silihcekel silihbanting
silihséréd pada bedas
sarua pisan bedasna
Jagatrasa matek keris

coba asaan
tah ieu téh keris aing

4. Radén teras neuweuk éta jaksa téa
teuasna kaliwat saking
éta keris Jagatrasa
paké neuweuk hanteu terak
radén rada mangsar-mingsir // 37
tina kuatna
nangis salebeting galih

5. Jagatrasa émut ka wasiatna Éyang
ajian lumpuh nu matih
ku radén anggeus diwejang
jaksa téh tuluy narajang
sia téh ku kuat teuing
ku aing hakan
énggal Jagatrasa ngalahir

6. Sia jaksa ayeuna tangtu kabandang
ieu tampa jimat aing
pok ngawatek Jagatrasa
geus medal ajianana
jaksa ngarontok tiguling
bari sasambat
aduh tobat abdi Gusti

7. Seja taluk sim abdi seja ngawula
naon sakersa Gusti
ngan supaya abdi waras
awak abdi asa rujad

kitu deui jisim abdi
nyanggakeum jimat
hiji tambang hiji ali

8. Saur radén manéh téh hadé ayeuna
jaksa hudang sareng ceurik
jaksa téh anggeus munjungan
barina nyanggakeun jimat
hiji tambang hiji ali
lajeng dicandak
radén barina ngalahir // 38

9. Ieu ali naon bapa hasiatna
kawula béré mangarti
sareng deui ieu tambang
kudu terang ieu hasiatna
jaksa walon hormat ta'dim
ieu hasiatna
ieu perekawis ali

10. Saupama Radén hoyong salin rupa
sambat baé kana ali
lamun palay barang tuang
éta gé nya kitu pisan
nu dipikahoyong téh bukti
ieu mah tambang
upamana musuh sakti

11. Dipiwarang nangkep musuh ku sorangan
tambang téh luncatna tarik
éta musuh geus tangtu beunang

najan gagah perkasa
kabarogod éta mesti
hasiatna tambang
Dén Jagatnata ngalahir

12. Atuh nuhun ieu dipaparin jimat
ayeuna kula rék indit
éta Radén Jagatrasa
angkatna salunta-lunta
unggah gunung nyukang pasir
sampalan badak
enggon méong jeung surili

13. Katingali di payun aya patapan
lalénang sarta raresik
radén téh tuluy ka dinya // 39
ka lebah pisan kulahna
di sisina warni-warni
béh kebon kembang
kembang eros jeung malati

14. Dina kebon éta aya warna kembang
di sisina kacapiring
di balong seueur laukna
sepat patingkarocépat
ti dinya radén heg calik
bari ngamanah
nyaur salebeting galih

15. Moal gagal ieu téh kawas patapan
jeung aya paranti mandi

sup-asup ka jamban
anggeus nyumput Jagatrasa
tunda anu nyumput buni
caturkeun pandita
kagungan putra ku geulis

16. Aya hiji jenengan Dén Lambangsara
rayina Dén Lambangsari
geulisna sarua pisan
teu aya pisan géséhna
eukeur mareujeuhna putri
sarta parawan
putrana Tuan Syeh Yajid

17. Agan putri énggal unjukan ka rama
kawula nun Rama Aji
abdi badé ka jamban
langkung hareudang bayeungyang
jisim abdi neda idin
ngadawuh pandita
saé mangga anu geulis

18. Radén putri duanana lajeng angkat // 40
langgeor angkat nu geulis
seungitna angin-anginan
angkatna pakaél tangan
istri hésé nyiar tanding
terus jeung gagahna
sumping kana kamar mandi

19. Geus dibuka raksukanana nu luar

bari ngadeg Agan Putri
kutangna deui dibuka
pinarep eukeur meujeuhna
gebrus Agan Putri ka cai
paduduaan
silihruru raka rayi

20. Kacarios anu nyumput Jagatrasa
pék ningali Endén Purti
enggeus keketegan manah
hoyong ngarontok nu siram
ditahan kawantu santri
gedé ajianana
nu siram parantos deui

21. Endén putri ningali ka Jagatrasa
kagét barina ngalahir
naha rayi itu saha
mana kasép-kasép teuing
ipri atawana jalma
mana kasép teuing
éta jalma atawa lain

22. Lambangsari mariksa ka Jagatrasa
jalma atawa jurig
lamun jalma ka dieu bijil
sing énggal bijil kaluar
kitu deui lamun jurig
ulah di dinya
geuwat masing jauh nyingkir

23. Jagatrasa ka putri seug ngawalonan
jisim abdi sanés jurig // 41
sayaktosna abdi jalma
Agan Putri énggal nyaur
aéh sumangga atuh calik
urang ngalemar
radén téh nyamperkeun putri

24. Jagatrasa ku nyi putri disuguhan
geus papayun-payun calik
éta nyi putri mariksa
ari Engkang nu ti mana
di mana nya tuang bumi
saha jenengan
ti mana asal nya nagri

25. Sareng deui ibu rama saha téa
numawi di jamban calik
ieu jamban téh dilarang
anjeun téh paiidin saha
naha maké wani-wani
cengkat Radén Jagatrasa
ngalahir jeung semu manis

26. Aduh Gusti sim abdi neda hampura
wirehingna kumawani
cicing dina jero jamban
sabab teu terang di jalan
anyeuna mah jisim kuring
amit arék mulang
Jagatrasa arék indit

27. Ku Néng Putri radén ditongtak sinjangna
aéh réhé bosen teuing
lalaki osok pundungan
atuh sakitu mah jamak
sanes saleresna abdi
banyol baé adatna
radén téh pék calik deui // 42

28. Aduh Geulis sayaktosna diri Engkang
tebihna kaliwat saking
Engkang ti Nagara Sélan
rama téh jumeneng sultan
Gandaermaya kakasih
ari pun biang
Ratna Wulan nya kakasih

29. Ngaran Engkang nu katelah Jagatrasa
pun lanceuk mah Gandasari
cikalna mah Jagatnata
Engkang jeung dulur papisah
leungiteun di leuweung kai
teu kanyahoan
kitu asalna téh kuring

30. Ayeuna mah pun Engkang neda timbangan
kumaha kersa Eulis
Engkang geus rumaos pisan
digantung mungguh dibuang
kuma kersa baé
Engkang téh tarima dosa

wiréh Engkang kumawani

31. Agan Putri ngawalon bari jeung hormat
kawula nun karunya teuing
dupi Engkang ayeuna mah
énggal ngadeuheus ka rama
ieu abdi geus lami teuing
sumangga angkat
Nyi Putri geus megat indit

VII. MAGATRU

1. Jagatrasa angkat sareng putri rawuh
manah sami suka ati
putri angkatna ti payun
geus sumping ka latar bumi
radén di luar geus ngantos

2. Radén Putri ka ramana unjuk hatur // 43
kawula nun Kanjeng Gusti
sim abdi aya piunjuk
aya pependakan abdi
di jamban satria anom

3. Sang Pandita éta ka putri ngadawuh
ayeuna di mana nya Nyai
cing coba téang ku Enung
énggal angkat Agan Purti
geus ka luar ti karaton

4. Agan Purti nyampeurkeun ka Radén Bagus
lajeng nyaur Radén Putri
Ekang ku rama di saur
énggal diantos di bumi
Jagatrasa angkat léos

5. Kauninga ku pandita Radén Bagus
Sang Pandita kagét galih
naha radén kasép langkung
tandingan ka anak aing
Sang Pandita nyaur alon

6. Atuh Radén ka dieu calik ka luhur
Radén Jagatrasa ngalih
ka pandita énggal munjung
geus parantos calik deui
sila rékép tungkul mando

7. Sang Pandita ngadawuh ka Radén Bagus
Agan ti mana nya bumi
banjarkarang lembur matuh
ibu rama nya kakasih // 44
jeung Radén saha nu yaktos

8. Kitu deui kumaha asalna Agus
sumping ka patapan aki
Radén wani-wani asup
ka jamban paragi putri
coba Radén geura walon

9. Jagatrasa cedok nyembah unjuk hatur

kawula nun jisim abdi
nagara kalangkung jauh
asal ti Saélan nagari
geus lami nilar karaton

10 Gandaermaya Jeng Rama Prabu
ari pun biang kakasih
Ratna Wulan anu mashur
dupi wasta jisim abdi
pun Jagatrasa nu yaktos

11. Numawi abdi ka dieu asup
ngemban dawuhan jeung Gusti
yaktosna abdi diutus
impen rama kedah bukti
ku abdi henteu kahartos

12 Malem Juma'ah kanjeng rama tapakur
rama ngimpén tengah wengi
aya sowara ti luhur
wawar ti ka rama aji
kudu meunang hayam jago

13. Bulu pérak suku emas duket pungkur
mata inten sarta rintit // 45
dawuhan rama sinuhun
nimbalan ka jisim abdi
impian ama sing jodo

14. Kitu deui jisim abdi sareng dulur
tiluan keur waktu indit

Jagatnata anu sepuh
nu panengah Gandasari
geus kaluar ti karaton

15. Barang dongkap jisim abdi kana gunung
datang ribut hujan angin
abdi papisah jeung dulur
kawantu di leuweung suni
barang geus caang poos

16. Ti dinya abdi jeung dulur teu puguh
leumpang bingung masing-masing
teu kantenan nu di jugjug
nya kalangsu jisim abdi
mawi dongkap ka Pakuwan

17. Sang Pandita ka Jagatrasa nyaur
éyang sukur léwat saking
ayeuna mah lamun kitu
di dieu baé nya linggih
éyang masih kénéh sono

18. Kitu deui lamun rempug Radén Bagus
kudu kersa ka nyi putri
suka hanteu suka Agus
nikah ka nyi Lambang Sari
Jagatrasa nyembah walon // 46

19. Jisim abdi ngiring sakersa sepuh
namung paneda sim abdi
ayeuna aya panuduh

manawi rempag nya galih
Éyang nu langkung waspaos

20. Tina nyaah jisim abdi ka pun dulur
ka pun lanceuk Gandasari
hiji deui Agan Ayu
Lambangsara lanceuk putri
tikahkeun ka Agan Anom

21. Kitu deui abdi sakalintang émut
réh ngemban dawuhan Gusti
ngabuktikeun impian ratu
ahir nikah jisim abdi
di dieu bet gaduh bojo

22. Sang Pandita leleb nyaur ka Dén Bagus
Agan ulah susah galih
perkawis impian ratu
ulah samar dina galih
Éyang mananggung sayaktos

23. Sabab éta anu gaduh hayam kitu
enya éta tuang rayi
Lambangsari anu gaduh
mana kudu geuwat kawin
sumangga saur Dén Anom

24. Ku pandita dilapadan Dén Bagus
kitu deui Gandasari
wakil nikah ka Dén Bagus

Jagatrasa // anu kawin 47
Gandasari mah teu nyaho

25. Harita mah panganténan Radén Bagus
keur sami sedeng birahi
énggalna geus pada lulus
ma'lum putra sareng putri
kantenan sarua sono

26. Lamina di patapan urang catur
kénging lima welas wengi
Radén nyaur ka Dén Agus
kumaha pÉtana nya Nyai
Engkang téh langkung hawato

27. Saban poé inget baé ka pun dulur
lanceuk Akang Gandasari
cing kumaha atuh Enung
unjukan ka Rama Aji
radén putra énggal mios

28. Ngadeuheusan ka rama keur di tajug
duaan raka jeung rayi
tina kalintang bogoh
hanteu papisah Néng Putri
Éyang Putri eukeur sono

29. Katingali ku pandita Radén Bagus
sumping sareng nyai putri
pandita énggal ngadawuh
naha rurusuhan geulis

nyai aya béja naon

30. Nyai Putri ka ramana unjuk hatur
kawula nun jisim abdi
ngunjukan ieu Dén Bagus
piunjuk badé mulang
seueur pisan kahawatos // 48

31. Atuh mangga ayeuna Radén rék mundur
kedah nyandak Nyai Putri
ku Agan ulah dikantun
duanana Nyai Putri
jeung hayam candak ku Anom

32. Sareng ieu Éyang arék méré duhung
sareng sahiji jamparing
jeung kuda si jagat ruyung
kaopatna Cupumanik
Astagina leuwih kahot

33. Hasiatna éta téh perkara duhung
lamun agan mendak jurit
perbawana hayang ngamuk
sanajan musuh téh ngamuk
ku ieu mah tangtu maot

34. Neuweuk hiji nu paéh rébu-rébu
ari hasiat jamparing
buat manah éta musuh
éta kudu kitu deui
eukeur tunggang agan anom

35. Hasiatna kana kaos éta ngapung
tatapi Éyang weweling
perkawis pun Jagatruyung
lamun eukeur perang tanding
tenjrag bumi kuda nonjol

36. Éta mah kuda téh moal kabantun
dicangking baé ku aki
ngan upami perang pupuh
kangaran Éyang kudu éling
Syeh Yajid pandita kahot

37. Anggeus tutup dawuhan Éyang sakitu // 49
ari éta Nyai Putri
asupkeun ka jero cupu
lajeng asup Agan Putri
ditampi ku Radén Anom

38. Jimat dicandak sadaya ku Dén Bagus
lajeng munjungan sakali
radén téh parantos munjung
cedok nyembah lajeng indit
anggeus indit ti Pakuwan

VIII. MIJIL

1. Jagatrasa ti patapan mulih
angkat baé jongjon
angkatna téh tungkul baé

hanteu luak-lieuk deui
bus ka leuweung suni
balana kalangkung

2. Jagatrasa di leuweung prihatin
bras ka leuweung ganggong
angkatna nyalira baé
leuleuweungan beurang peuting
geus émut ka Gandasari
nangis jeung sesegruk

3. Jeung sasambat engkang ieu Rayi
ku Engkang mugi diantos
Rayi ngiring maot ogé
aduh Engkang kumaha Rayi
mana keueung-keueung teuing
duh Engkang kumaha atuh

4. Tuang rayi nalangsa téh teuing
kamana atuh nya los
hanteu puguh nu diseja téh // 50
néangan Engkang téh teuing
kantun nyeri pikir
Rayi kawula nun

5. Bari calik handapeun kai
radén téh ngajogo
ti dinya radén ngarérét
aya oray gedé teuing
ku radén geus katingali
oray téh keur ngaringkuk

6. Jagatrasa ka oray ngalahir
maného eukeur naon
naha kunaon maného téh
hanteu usik hanteu malik
coba jawab kami
ngawang-ngawangsul

7. Kawula nun ieu téh sim kuring
kuring téh ti heula rék naros
naha ti mana Agan téh
numawi di dieu calik
kawas anu perhatin
Jagatrasa lajeng nyaur

8. Héran maného ditanya ku kami
éta malik naros
geus kieu diri kami téh
meunang cilaka geus pasti
kersana Yang Widi
papisah jeung dulur

9. Jauh pisan ari imah kami
ti Saélan karaton
ibu rama sunan gedé
Ganda Ermaya kakasih // 51
ari ngaran kami
anu anggeus mashur

10. Nelah Radén Jagatrasa kami
oray matur alon

rék ka mana pikeresaeun téh
numawi di dieu calik
radén seug ngalahir
kami téh kasarung

11. Kawula nun Gusti sukur teuing
di dieu téh Agan Anom
linggih ka dieu Gusti téh
nyuhun galih nu resmi
tulungan abdi Gusti
nu mawi ngaringkuk

12. Sayaktosna ieu jisim abdi
di dieu ngaréngkol
geus mendak cilaka gedé
mugi nulungan ka badi
panglaankeun ieu tali
engké abdi sugan nulung

13. Mun salamet diri jisim abdi
ditulung ku anom
tangtu dituduhkeun baé
jalan ka Negri Majeti
eukeur saémbara putri
geulisna kalangkung

14. Jagatrasa nangtung jeung ngalahir
perkawis kahoyong
urang susuganan baé
pék dilaan éta tali
dibuka ku isim

oray téh rahayu

15. Ti dinya téh oray ngalahir
mangka agan anom
geura mangga // tunggang baé 52
ieu kana sirah abdi
Jagatrasa indit
tunggang dina hulu

16. Énggal mangkat éta oray indit
angkat luar-léor
caturkeun énggalna baé
ungah kana hiji pasir
nu bersih limit
Jagatrasa lungsur

17. Éta oray leungit tanpa lebih
ka nagara geus jol
nyampeurkeun serdadu baé
ti dinya radén ngalahir
ka sahiji mantri
anu eukeur nangtung

18. Ti dinya téh radén angkat gasik
Jagatrasa jongjon
ningali ka beulah kalér
katinggal aya nagari
hég sidik- sidik
itu rayap serdadu

19. Ieu naon naha ramé-ramé teuing
jalma eukeur naon
wadia balad geus kumpul kabéh
para raja sareng mantri
hiji ponggawa ngalahir
ieu saémbara ratu

20. Lamun aya anu bisa nanding
tangtu serah bongkok
itu bisa naékan tarajé
jimat Radén Ayu Putri
éta anggeus pasti
dijenengkeun ratu

21. Ditikahkeun ka Dén Ayu Putri
sareng nyepeng karaton
éta kitu // buruhna téh 53
Jagatrasa ngalahir deui
cik coba sim kuring
sugan cukup lumur

IX. DURMA

1. Jagatrasa pék dangdan mageuhan sinjang
ti pungkurna nyorén keris
parantosan anu dangdan
Jagatrasa énggal angkat
sigep cakep sarta ginding
taya kakirangan
leutik gé éta barani

2. Geus ngaguruh wadia balad susurakan
campur jeung sowara tanji
ramé tatabeuhan
Jagatrasa énggal angkat
radén ka dinya geus sumping
kana handapeunana
tarajé emas nagari

3. Katingali aya rakana di dinya
ngagolér Dén Gandasari
geus dongkap kana ajalna
handapeun tarajé opat
rayina ngarontok nangis
aduh kang raka
rayi hanteu nyana teuing

4. Naha Engkang ka rayi ninggalkeun wapat
Engkang naha téga teuing
Engkang téh geus ihlas pisan
Engkang wapatna nyalira
ieu rayi ngiring pandeuri
hirup gé teu guna
teu aya dulur pribadi // 54

5. Diciuman digaléntoran anu wapat
sarta hanteu pegat nangis
Dén Anom bijil nalangsa
geus geuneuk éta rarayna
geus kitu ras baé éling
kana jimatna

paparin Pandita Yazid

6. Jimat éta paparin pandéta téa
enya éta Cupu Manik
Cupu Manik Astagina
cing cupu mun nya béla
muga-muga dulur kami
anu geus wapat
masingna waluya deui

7. Gandasari koréjat geus sabisa
diudeng bari jeung nangis
ti dinya radén ngandika
aduh rayi Jagatrasa
hanteu nyana manéh rayi
jeung Engkang tepang
silihrangkul bari nangis

8. Pok haturan Jagatrasa ka rakana
kawula nun raka abdi
badé maju saémbara
badé maju saémbara
kang raka mah geura nyingkah
rayi rék diajar perang tanding
rék mecak-mecak
Gandasari seug ngalahir

9. Mangga rayi tapi ulah rék balaga
rayi masing ati-ati
pok ngawalon Jagatrasa
nyuhunkeun jiad kang raka

mugi-mugi kénging putri
lamun teu salah
éta putri kapimilik // 55

10. Jagatrasa pok unjukan ka raka
rayi téh rék salin rupa
rayi arék jadi budak
janggélék geus salin rupa
éta jadi budak leutik
goréng rupana
pendék hideung jeung uriwih

11. Matak lucu salira Dén Jagatrasa
hideungna kaliwat saking
harita ganti jenengan
Sulangkara Barjasakti
kitu Akang ngaran abdi
budak hideung nganggo kaos jimat
sareng bari maos dikir

12. Lahaula wala quwwata
illa billahi aliyyil adim
arék naék kana tangga
olohok Dén Gandasari
héran kacida
jalmi-jalmi naringali

13. Anu naék geus katingali palebah kuta
di luhurna anggeus calik
kagét ninggal kana kuta
tuluy ngarandeg di dinya

kuta beusi tujuh lapis
pék ditepak-tepak
kuta ancur jadi cai

14. Raja putri keur calikna papanggungan
ku radén geus katingali
éta geus tétéla pisan
budak téh ngaranjug manah
nyi putri énggal ngalahir
naha manéh enya budak
geus nyata manéh lalaki // 56

15. Budak hideung ka rayi putri ngawalonan
aya berkah Agan Purti
cik ayeuna kumaha
hayu putri urang nikah
nyarekan Nyai Putri
si kurang ajar
aing téh teu sudi teuing

16. Kokodoreun aing lakian ka sia
sia éta kawas surili
reujeung sia urang mana
aing papanggih kakara
kitu deui ari wani
urang perang heula
ngadu kasaktén jeung aing

17. Sulangkara seuri barina ngajawab
jadi kitu enéng putri
mangga baé coba-coba

nyi putri anggeus narajang
Sulangkara ditampiling
leng kapiuhan
lila pisan hanteu éling

18. Nyata pisan manéh téh putri dijaya
putri yéh nyirindil deui
Sulangkara téh di téwak
tapi hanteu pisan obah
silih banting silih tampiling
sarua bedasna
geus weléh silih tampiling

19. Radén putri seug nyabut sanjata jimat
geura asaan keris aing
di teuweuk Dén Sulangkara
mani ngebul salirana
keris raja putri ngelin
kagét // manahna 57
manéh téh nyata lalaki

20. Raja putri ngajadikeun maung kumbang
Sulangkara kitu deui
eunggeus ngajadikeun singa
maung dirontok ku singa
putri leungit tanpa tebih
ngajadikeun nyiruan
ku loba mani pabuis

21. Budak hideung tuluy dipatuk nyiruan
salirana ampir leungit

radén nyipta haseup bodas
nyiruan téh ngebrul murag
ganti deui rupa putri
ngajadikeun hujan
Sulangkara nyipta angin

22. Hujan ribut gedéna kabina-bina
geus ngaguruh datang angin
angin luluwukan
hujan gedé anggeus raat
raja putri leungit deui
ngajadikeun buta
buta gedé ngajungkiring

23. Sulangkara ngajadikeun Yaksa
gedé hanteu aya tanding
lajeng buta diudag-udag
buta leungit ganti rupa
aya gunung ngajungkiring
leungit deui Yaksa
ngajadikeun landak sidik

24. Éta gunung geus dikorowot ku landak // 58
leungit gunung torojol putri
nyumput deui kana méga
ku radén hanteu katinggal
geus kaewedan
clik cipanonna bijil

25. Hanteu lamina bijil pandita
nya éta Tuan Syeh Yajid

aduh kasép radén putra
agan téh kawiwirangan
kalah perang ku nu geulis
ayeuna téangan
nyumput dina méga putih

26. Ki pandita geus ngandika leungit musnah
Sulangkara ngapung tarik
éta nyusul kana méga
raja putri geus kapendak
geus ditéwak raja putri
leungit harita
nyumput kana jero keris

27. Kek dicekel kerisna ku Sulangkara
tuluy dibabétkeun tarik
putri téh geus ngaboréngah
nyumput deui dina kembang
manahna moal kapanggih
nu nyusul datang
keuk ditéwak éta putri

28. Jerit nangis nyi putri bari sasambat
nyata leuwih manéh sakti
éta putri bari medang // 59
pedangna teu hanteu teurak
Sulangkara tuluy mikir
taya tungtungna
moal ngeunaheun nyi putri

29. Budak hideung geus bijil ajianana

sarta barina ngalahir
sia téh lumpuh ayeuna
putri téh nangis ngocéak
nyeri teuing tulang sandi
kawula téh tobat
kawula ayeuna peuncit

30. Sulangkara ménta-ménta kana jimatna
cing geura salin rupa kami
janggélék Dén jagatrasa
robah wujud samistina
ku nu geulis katingali
lajeng putri ngandika
nu bogoh campur jeung isin

31. Gusti Anom sim abdi ayeuna pasrah
nyanggakeun ieu nagri
sareng para raja
anu di bawah paréntah
sinareng nyanggakeun diri
mugi dimanah
pikeun sasapu di bumi

32. Geus dibuka ajian Ki Jagatrasa
salamet nyi raja putri
Radén Jagatrasa ngandika
Eulis geura mangga baé mulang
antosan baé ku nyai // 60
dipadamelan
putri mulih nganti-nganti

X. KINANTI

1. Radén Jagatrasa nyaur
ka raka Gandasari
Engkang sumangga ayeuna
urang pada salin rupi
Engkang Yaksa awéwéna
urang amuk para jurit

2. Janggélék éta Dén Bagus
raka-rayi salin rupa
duanana jadi Yaksa
matak gila nu ningali
keur ngaguruh tatabeuhan
ningali kabéh para jurit

3. Serdadu kalalabur
para ratu kitu deui
nyumput buni ka nu bala
ngadarémpés hanteu usik
sawaréh anu nangkuban
hanteu tolih ka nu bedil

4. Nyampeurkeun para ratu
teu dirasa éta bedil
para raja miris manah
éta yaksa téh ngalahir
manéh rék taluk ka kami

5. Lamun manéh hanteu ma'lum
nya ku kami nu meunang purti

ngarana Radén Jagatrasa
lanceuk kami Gandasari
para raja ngawalonan
sim abdi nyanggakeun diri // 61

6. Ka gamparan seja taluk
sareng nyanggakeun nagari
ratu rawuh eusina sagala
upami abdi ka gusti
Insya Alloh pasrah pisan
ngan aya baé saeutik

7. Lamun Gusti jumeneng ratu
hanjakal baé saeutik
teuing ku awon salira
hanteu pantes ka néng putri
doa yaksa ganti rupa
boréngkal nu kasép leuwih

8. Para raja kabéh sujud
satria kebat ngalahir
atuh ayeuna sumangga
arangkat ka jero nagri
ponggawa sadaya iang
ngaleut ngiring ti pandeuri

9. Sarta dipajengan agung
cing jelegur sora bedil
nu surak ayeuh-ayeuhan
pacampur jeung sora bedil
teu dicatur di jalanna

geus sumping ka lawang kori

10. Raja Putri énggal lungsur
mapagkeun ka raka gusti
lajeng calik sadayana
para raja dina korsi
anggeus datang pasuguhan
anu dahar anu ngopi

11. Sadayana suka kalbu // 62
istri éar suka ati
nyarioskeun waktu perang
radén sareng raja putri
saban poé sukan-sukan
pésta ti beurang ti peuting

12. Walang Sasih seug piunjuk
kawula nun raka Gusti
sim abdi nyanggakeun badan
geus kumaha kersa Gusti
sakalian jeung nagara
sarawuh jeung eusi bumi

13. Radén téh lajeng ngadawuh
nyaur Radén Arya Pati
perkawis niat Akang
nikah hayang engké wengi
rayi kudu sing iyatna
parabot réndéngan kawin

14. Cedok nyembah patih tuluy

mundur ti payuneun Gusti
énggal angkat ka paméngkang
pangulu hatib jeung mudin

15. Sadayana anggeus kumpul
Radén Patih seug ngalahir
ieu ponggawa sadaya
kawula méré pangarti
peuting engké ba’da Isa // 63
rék nikahkeun aceuk putri

16. Sadayana kudu kararumpul
ka ditu ka Pancaniti
ulah aya anu tinggal
tatabeuhan kitu deui
Radén Patih enggeus angkat
unjukan ka Kangjeng Gusti

17. Cedok nyembah unjuk hatur
abdi-abdi geus sayagi
taya pisan kakirangan
dawuh radén sukur rayi
Jagatrasa seug haturan
ka rakana Gandasari

18. Barina mukakeun cupu
torojol bet dua putri
sami kagét sadayana
ningal istri gareulis teuing
loba anu kapiuhan
ningali ka éta putri

19. Radén Gandasari nyaur
rayi saha éta istri
nu geulis dua sapasang
ku Engkang hanteu kaharti
dina naon dicandakna
ku Engkang hanteu kaharti

20. Dén Jagatrasa piunjuk
ieu anu dua putri
putrana Éyang Pandita
jenengan tuan Syeh Yajid
anu hiji Lambangsara
anu hiji Lambangsari

21. Cikal garwa Éngkang éstu // 64
Lambang Sari bojo rayi
kapungkur parantos nikah
ngawakilkeun kakang rayi
Akang kantun panganténan
colodok munjungan putri

22. Lumebet Dén Bagus
sareng radén rayi putri
asup ka nu kajuwaran
suka galih raka rayi
hanteu panjang carita
nu kasép sareng nu geulis

23. Nu rék nikah urang catur
raja putri Walang Sasih

sareng radén Jagatrasa
geus kumpul para ponggawa
badé réndéngan gé putra
nikahna parantos wengi

24. Ditikahkeun ku panghulu
geus salamet édén putri
raja putri pok ngandika
ka éta ponggawa mantri
kitu deui ka para raja
kawula méré mangarti

25. Anu jumeneng parébu
nya ieu raka dipati
ieu nyanggakeun mahkota
abdi seja sérén nagri
sasamet ayeuna pisan
ku radén anggeus ditampi

26. Sang Putri kebat ngadawuh
éh sadayana para mantri
masing hadé kumawula // 65
ulah pisan sérong ati
ku urang téh kawulaan
aya salamet nya diri

27. Sadaya pada sumuhun
taya nu mungkin sahiji
anggeus suka sadayana
jedur mariam jeung tanji
geus éar pada munjungan

ka sultan anom Majeti

28. Tatabeuhan geus ngaguruh
anu surak ting jererit
pertandana ngangkat raja
geus kumpul Pancaniti
hempak anu ngadeuheusan
anu lalajo balawiri

29. Walangsasih unjuk hatur
kawula nun Raka Gusti
éta istri garwa saha
mana geulis-geulis teuing
Kanjeng Raja seug ngandika
enya éta maru nyai

30. Agan putri tuluy munjung
ka nu sepuh Lambangsari
calik ngaréndéng duaan
lir gambar anyar ditulis
geulisna sarua pisan
timpuh pinuh ku mamanis

XI. DANGDANGGULA

1. Kanjeng Raja Majeti ngalahir
éh ponggawa sareng para raja
ari ayeuna sakabéh
nya hadé geura malundur
perkawis lapor upeti
saban taun ka kawula // 66

sadayana anggeus sumuhun
tatapi sing hadé pisan
jadi raja di nagara
hianat ka nu ti handap

2. Masing tata mereskeun nagari
ulah getes atawa cawadan
sidik pidik goréng haté
kudu sing gedé nya ma’lum
kanu leutik masing adil
karana mungguh somahan
bodona kalangkung
urang sing gedé timbangan
jadi raja di nagari
dipamrih lulus nagara

3. Kasadaya masingna kaharti
jadi ménak ulah lalawora
nyalahkeun nu kumawula
lamun aya anu padu
éta ulah dipilih kasih
entong meunang ku ruruba
narima panutup
enya éta tanpa uang
kudu puguh lahir batin
ulah sulaya jeung kitab

4. Poma-poma sadaya sing éling
mun mariksa ulah jeung amarah
kudu masing alon baé
ulah sok ngalajur napsu

éta mariksa jeung pusing
mariksa ulah neunggeulan
poma ulah pisan kitu
mariksa kudu jeung sabar
jeung bu anu beresih
ulah kawas anu édan

5. Sareng ulah percaya teuing
ka kapala sahandapeun urang // 67
karana mungguh jalma téh
réa pisan anu palsu
tibatan beresih ati
kudu sing asak nyasarna
ulah pisan gugup
sartana ulah guguan
sok aya jalma anu dengki
mariksana masing terang

6. Ayeuna mah ieu sadaya marulih
eunggeus heubeul ninggalkeun
bisi kuma onam baé
bisi aya rusuh-rusuh
ngajaga baring supagi
aya kasusah kawula
mun aya panyaur
kudu sing gancang némonan
bisi aya nu perlu leuwih misti
poma masing nu sadia

7. Para Raja munjungan ka Gusti
sadayana ménak anggeus bubar

geus malungkur ti karaton
di jalanna teu dicatur
sadayana masing-masing
geus sarumping ka bumina
sadayana pararatu
ngantos-ngantos baé serah
Éta nyaurna Kanjeng Raja ti Majeti
iraha pucung jebulna

XII. PUCUNG

1. Kocapkeun ayeuna téh Kangjeng Ratu
   keur sarumpeg manahna
   émut ka sadérék baé
   enya éta // ka rakana teh Jagatnata 68

2. Kanjeng Raja ka rakana énggal mangga nyaur
   mangga linggih Akang
   Rayi téh kedah nyarios
   hayang tepang sareng Raka Jagatnata

3. Mangga Rayi ayeuna geus jadi ratu
   tapi hanteu genah
   kumaha ieu urang téh
   ngawalonan rakana barina alon

4. Saleresna Akang ogé hanteu puguh
   mangga atuh Akang
   énggal urang susul baé
   susuganan Akang ku urang kapendak

5. Sareng deui boh manawi rama parébu
urang kalamian
ngemban timbalan sang katon
tacan lapur satimbalan kangjeng rama

6. Saur raka atuh mangga urang wangsul
tatapi ayeuna
Agan Putri saur bae
ku Kang Rayi pariksa sing terus terang

7. Lajeng baé agan putra seug disaur
éh rayi ayeuna
kumaha ieu Akang téh
arék mulang ka Nagri Saélan

8. Jeung kumaha rék tinggal atawa milu
rék tunggu nagara
atawa rék reujeung baé // 69
tah sakitu Akang téh mawi nyarios

9. Walangsasih cedok nyembah unjuk hatur
mangga sim abdi mah
teu seja badé ngiring baé
ka nu rumbit sumawona kalegana

10. Lamun agan rék tinggal atawa milu
kang rayi ngiringan
kamana kersa Engkang téh
moal kantun perang hayang milu perang

11. Méméh Engkang abdi heula milu maju
najan musuh gagah
kang rayi téh sanggem baé
agan putri dipangkon ku kangjeng raja

12. Aduh Eulis rayi Akang atuh sukur
pantes ku geulisna
kamana kersa Engkang téh
moal aya istri nyaruaan

13. Coba saur Radén Patih arék mulang
Panakawan lumpat
di jalan teu kacarios
anggeus dongkap ka bumina Radén Patia

14. Radén Patih ka gandek énggal ngadawuh
aya naon Panakawan
bet kawas rusuh manéh téh
Panakawan cedok nyembah seug unjukan

15. Kawula nun gamparan enggal disaur
ayeuna ku kangjeng raja // 70
kedah kairingkeun baé
Radén Patih anggeus kocap ngadeuheusan

16. Dawuh ratu kang rayi kudu tunggu
Akang arék nyaba
nyaba téh duaan baé
jeung aceukna akang téh rék ka Sélan

17. Ieu nagri rayi baé anu tunggu

masing hadé pisan
rayi téh ulah taléboh
sing iyatna rayi tungguan nagara

18. Rék nyaba téh Akang moal wama batur
ngan cuman duaan
kagenep tuang sadérék
riba baé mawa batur loba-loba

19. Lamun heubeul ku rayi
liwat tilu bulan
rayi kudu iyang baé
sarta balad kudu mawa masing réa

20. Saur patih hina temen kawula nun
bet angkat nyalira
kawas kirang parabu patos
di Majeti seueur pisan wadia balad

21. Dawuh raja ku rayi tacan ka maphum
nu matak arék sorangan
hayang leuleuweungan baé
rék néangan dulur Akang Jagatnata

22. Di leuweung mah ku Akang sugan katimu // 71
mun jalan cai mah
pitanggeleun kapendak téh
anggeus tangtu dulur akang leuleuweungan

23. Akang pating kira wanci pukul tujuh
ti dinya pék nyaur

nyaur para garwa kabéh
peuting teuing rayi hayu urang iang

24. Geura coba rayi geura asup kana cupu
énggalna sadayana
éta Dén Patih olohok
ningali putri sadayana di cupuan

25. Kanjeng raja ka Dén Patih ngadawuh
ayeuna téh akang
peuting ieu badé mios
hadé-hadé rayi nungguan nagari

26. Radén Patih munjungan ka kangjeng ratu
nyuhunkeun hibarna
ulah aya panyarewed
kangjeng raja ti karaton jenglar

27. Jagatrasa harita anggeus ka gunung
kinten pukul dua
ngagayuh janari gedé
lajeng baé ngareureuh dina kiara

28. Sasatoan sakur nu aya di gunung
sadaya pada ngemitan
maung badak sareng banténg
geus ngaliud ngemitan ka kangjeng raja

29. Kakocapkeun harita parantos isuk
arangkat // deui ti dinya 72
geus asup ka leuweung ganggang

anu angkat beurang peuting leuleuweungan

30. Jagatrasa ka rakana lajeng nyaur
kamana urang néangan
nya moal kapendak baé
urang tunda nu keur angkat duaan

31. Jagatnata ayeuna urang kacatur
eukeur leuleuweungan
beng ka kidul beng ka kalér
taya pisan beubeunanganana

32. Unggal pulo diasupan ku Dén Bagus
hanteu béja-béja acan
Jagatnata kalah capé
angkat deui ka palebah jalan rayina

33. Panganggona rungsuk-rangsak liwat langkung
geus taya rupana
ciga pisan anu gélo
Jagatnata beurang peuting leuleuweungan

34. Anggeus capé calik dina luhur batu
bari lalamunan
sarta bijil manah awon
dulur aing kumaha lamun meunang

35. Anggeus tangtu ku rama dijieun ratu
jeneng raja Saélan
ngabawah raja antéro
nya keun baé ku aing rek dipaéhan

36. Énggal angkat radén tina luhur batu
dikira baé jauhna
ka tempat éta sadérék
ngan dua pal angkatna ka Jagatrasa // 73

37. Remeng-remeng katingali ku Dén Bagus
coba Akang itu saha
tingalikeun itu naon
cigana nah Engkang Kumbang Jagatnata

38. Anggeus deukeut ka rakana Radén Bagus
ku rayina katingali
nya éta sadérékna téh
anggeus amprok jeung rakana Jagatnata

39. Gandasari Jagatnata seug ngarangkul
bari nangis ka rakana
Akang teu nyana rayi téh
rayi panggih jeung salira tuang raka

40. Jagatnata ka rayina énggal nyaur
rayi téh kumaha
hanteu aya naon
salamÉtan ieu rayi sadayana

41. Sukur teuing urang di dieu patepung
akang mani bungah
tadina keueung Akang téh
ayeuna mah sukur jeung dulur patepung

42. Hal timbalam Jeng Rama éta téh lapur
bet Akang mah hanteu meunang
anggeus béak nya wawanén
da geus kieu tepi kana kadar awak

43. Jagatnata karana pok ngadawuh // 74
rayi téh kumaha meunang
perkawis impian téh
Gandasari Jagatnata ngawalonan

44. Silih genti ka rakana unjuk hatur
aya berkah raka
éta perkawis impian téh
kénging pisan moal kumambang Jeng Rama

XIII. MASKUMAMBANG

1. Jagatnata ka rayina ngalahir
coba Akang ningal
sakedap hayang ningali
jiga naon éta hayam

2. Gandasari ka rakana seug ngalahir
moal saé Engkang
rama teu acan ningali
dipiheulaan ku Akang

3. Jagatrasa unjuk ka Gandasari
ulah pisan nolak
raos rayi mah pamali teuing

naonna baé kahayangna

4. Hanteu saé témana cilaka diri
naon sakersana
ulah téh ulah rék tampik
masing pasrah lillah manah

5. Jagatrasa nyembah mando sareng ta'dim
disanggakeun éta hayam // 75
ku radén anggeus kacangking
sarta bari sasauran Jagatnata

6. Alus pisan ieu hayam téa rayi
Akang mah kakara
saumur kakara manggih
tungkul baé Jagatrasa hanteu jawab

7. Anggeus dongkap kana ajal Gandasari
sareng Jagarasa
duanana geus dirampid
rayi ngalawanan

8. Jos ditojos Jagatrasa Gandasari
duanana anggeus wapat
parantos sumping ka takdir
kudu mendak sangsara

9. Urang tunda Jagatrasa Gandasari
bujengkeun énggalna
Jagatnata anggeus indit
angkatna téh gagancangan

10. hanteu eureun kebat angkat beurang peuting
keketegan manah
sieuneun ku Gandasari
sarengna ku Jagatrasa

11. Jagatnata geus sumping ka wates nagri // 76
ditunda heula sakedap
nyarioskeun dian nagri
Kanjeng Sultan Nagri Saélan

12. keur kumpulan sadayana di Pancaniti
nyarioskeun ka putrana
hanteu éngal-éngal sumping
gancang sultan seug ngandika

13. Kuma patih manéh hanteu meunang warti
perkawis barudak
naha mana lila teuing
hanteu béja-béja acan

14. Radén Patih nyembah piunjuk ka Gusti
sim abdi mah lepat
hanteu pisan kénging warti
ménak-ménak keur guneman

15. Radén Jagatnata anggeus sumping deui
geus katingali ku rama
coba itu saha patih
kawas Kumbang Jagatnata

16. Cing papagkeun ku kabéh ponggawa mantri
itu radén teang
ayeuna Si Ujang datang
geus teu puguh Kangjeng Sultan

17. Kanjeng sultan énggalna ngalahir deui
ujang Jagatnata
dimana Ki Gandasari // 77
ujang mulih ngan sorangan

18. Para istri sadayana nararangis
nangisan Jagatnata
naha Aadén lami teuing
mangga Agan barang tuang

19. Sareng éta panganggo téh ruwang-rawing
Radén teh salin rupa
sultan nyandak panganggona
ujang ku ieu salinan

20. Kanjeng sultan ku ma manéh téh pinanggih
buktina impian Ama
perkara hayam téh Ujang
cing Ama hayang ngilikan

21. Jagatnata unjuk ka rama gusti
nun putra aya berkah
hayam téa ieu kéngimg
paparin Éyang Pandita

22. Disanggakeun hayam téh ka Kanjeng Gusti

ku ramana geus dicandak
kagét sakur nu ningali
ka manah ku kangjeng sultan

23. Kanjeng sultan énggalna ngalahir deui
Ujang Jagatnata
di mana Ki Gandasari
sareng éta Jagatrasa

24. Baréto téh nuturkeun baé pandeuri
ayeuna hanteu datang
na manéh téh hanteu panggih
Jagatnata ngawalon

25. Sakapendak sim abdi sareng pun adi
abdi mah sorangan
waktu indit ti nagri
jeung abdi hanteu patepang

26. Kanjeng Gusti nyaur salebeting galih
anjeun hanteu percaya
da séjén ngalamatna
tatapi hanteu rasiah

27. Urang catur Jagatrasa Gandasari
anu eukeur wapat téa
duaan handapeun kai
duanana anggeus bungkang

28. Éndén putri bijil tina cupumanik
ti dinya anggeus kaluar

ninggal raka dongkap ganjil
sasambat jeung ditangisan

29. Aduh Engkang abdi hanteu nyana teuing
dongkap kana ajal
naha akang téga teuing
tuang rayi téh ditilar // 79

30. Bari ngadeg éta putri Lambang Sari
kawantu Putri Kusumah
istri gagah sarta sakti
ras émut kana ajian

31. Seug susumbar éta putri anu geulis
lamun enya Kusumah
éstu turunan bupati
mugi ieu raka emas

32. Sing waluya cara bihara-bihari
kulisik deui emas cengkat
duanana pada nyaring
uninga garwa di luar

33. Para garwa nyaruuh ngarangkul nangis
barina sasambat
Engkang hanteu nyana teuing
jumeneng deui ka dunya

34. Pada naros sadayana éta putri
saha Akang anu nelasan
sim abdi paparin warti

Engkang saha nu nganiaya

35. Jagatrasa ngawalonan ka éndén putri
teu bijil rasiah
Engkang hanteu terang rayi
duka saha nu maéhan

36. Éndén putri haturan ka raka gusti
engkang kamana hayam // 80
hanteu katinggal ku rayi
Dén Jagatrasa ngandika

37. Éta hayam tungtungna aya nu maling
buktina gé Engkang
aya anu neuweuk ku keris
da geus kitu kadar awak

38. Mangka nyai arasup ka cupumanik
hayu urang ka nagara
ngadeuheus ka rama gusti
urang masrahkeun salira

39. Éndén gusti geus asup ka cupumanik
lajeng radén téh angkat
turun gunung nyukang pasir
teu dicatur di jalan

40. Kacarios anggeus sumping ka nagara
tunda anu angkat
kocap anu di nagari
kanjeng sultan Nagri Saélan

41. Keur kumpulan sadaya ponggawa mantri
nyarioskeun deui putra
anu dua tacan sumping
harita eukeur geus héman

42. Gandasari Jagatrasa jebul sumping
lajeng baé ka paméngkang
det nyembah gék putra calik
sultan kalinglap ku putra // 81

43. Kanjeng sultan ngadawuh ka Gandasari
éta satria ti mana
ti mana agan nya nagri
sareng saha nya jenengan

44. Cedok nyembah Jagatrasa Gandasari
sim abdi pun Jagatrasa
ieu engkang Gandasari
abdi téh putra jeung rama

45. Kanjeng sultan ngarontok bari nangis
aduh ama hanteu nyana
jeung ujang papanggih deui
enéng téh geus ageung pisan

46. Anu geulis Ratna Wulan jerit nangis
sasambat ka putra
naha ibu raos ngimpi
jeung Ibu bisa patepang

47. Sadayana munjungan ponggawa mantri
bari sami sasauran
mana kasép-kasép teuing
bari nyandak katuangan

XIV.KINANTI

1. Kanjeng Sultan seug ngadawuh
anak Ama Gandasari // 82
kitu deui Jagatrasa
reujeung Jagatnata deui
Ama ménta katerangan
poma tong dipinding-pinding

2. Radén poma ulah palsu
ngabuktikeun lampah dengki
unjukan sing terus terang
Agan ulah gindi pikir
sing terus terang ka mama
ulah sok bohong pamali

3. Jalma sok bohong ka sepuh
doraka ageung pisan
cilaka dunya akhérat
radén masing ati-ati
saha anu meunang hayam
anu kalawan jeung bukti

4. Radén Jagatnata ngeluk
kalangkung petenging galih

upama terang ka rama
rasa émut ka rama gusti
kalangkabut mama nahan
hanteu terang isin ku gusti

5. Duanana Radén Bagus
payuneun rama narangis
susah unjukan ka rama
radén jongjon baé // nangis 83
ku sultan anggeus kamanah
putra dua susah galih

6. Radén Jagatnata ngeluk
ngadeg-ngadeg sieun ku gusti
anjeuna boga rumasa
kabendon jalana dengki
salirana pias bodas
sepa hanteu aya getih

7. Jagatrasa euweuh kalbu
teu terang sieun ku gusti
rék neramgkeun welas ka raka
éta manah Radén sabil
sieun disapa ku rama
terang unjukan jeung nangis

8. Abdi nyanggakeun bebendu
mugi gusti ridho galih
sareng nimbang ka nu salah
ulah jadi bendu galih
mun rama aya hampura

sumangga terang sim abdi

9. Anu kénging impian ratu
éstu sim abdi peribadi
paparin éyang pandita
jenengan Tuan Syeh Yajid
sareng dua // putri éndah 84
adina bojo sim abdi

10. Anu cikal ku kang Bagus
Dén Lambang kakasih
Lambangsari ku kang putra
sareng jimat cupumanik
sakitu paparin éyang
sareng sultan kebat ngalahir

11. Tuluy caritakeun Enung
ulah sok ékol pamali
anu matak éta hayam
ujang hanteu mawa bukti
Jagatnata anu mawa
ama téh hanteu kaharti

12. Jagatrasa unjuk hatur
seja terang jisim abdi
teu dibantu ku sim abdi
teu dibantun ku sim abdi
dipundut ieu ku Engkang
dawuhan hoyong ningali

13. Waktuna engkang eukeur mundut
sim abdi keur perhatin

abdi eukeur leuleuweungan
hayam ku raka ditampi
barang hayam geus kacandak
abdi di tewek ku keris // 85

14. Piunjuk abdi sakitu
kanjeng sultan peteng galih
ngepér raray beureum
sartana barina ngalahir
Jagatnata bangkawarah
coba tangkep Radén Patih

15. Geus misti kudu dihukum
saban jalma goréng ati
Jagatnata pék unjukan
kawula nun rama gusti
tadi abdi téh piunjuk
mangka terang jisim abdi

16. Tapi seug aya tawakup
kitu piunjuk sim abdi
kedah nimbang ka nu salah
sultan émut kana jangji
upami aya nu lepat
kedah dihukuman pasti

17. Sultan hanteu kebat napsu
seug nyaur ka Gandasari
sareng ka Dén Jagatrasa
ama boga jimat nagri
enya éta hayam téa

jeung aya sahiji deui

18. Nya éta jimat jarum
emas turunan nagari
jimat jarum jimat hayam
ku ama éta geus pasti
dipiceun ka awang-awang
supaya datang ka leungit

19. Ku manéh kudu disusul
saha anu meunangkeun pasti
diganjar jumeneng // sultan 86
nyakrawati di nagara
Insya Alloh moal cidra
saksian ponggawa mantri

20. Jimat dialungkeun biur
kanjeng sultan seug ngalahir
coba susul ku tiluan
saha-saha anu kéngin
ayeuna diangkat sultan
éta moal salah deui

21. Jagatnata biur ngapung
deukeutna sadepa leuwih
ampir beunang éta jimat
Jagatrasa Gandasari
duanana ngawang-ngawang
awahing nu ngapung tarik

22. Anu ti heula kasusul
kadupak ku Gandasari

dongkap ajal Jagatnata
harita dongkap ka jangji
Jagatnata gedebug rag-rag
ka payuneun rama gusti

23. Kanjeng sultan seug ngadawuh
geura bawa radén patih
ruruban ku lawon bodas
di jero pangkéng nyi putri
di tungguan ku adina
ulah rék diruang mayit

24. Urang catur nu di luhur
Jagatrasa Gandasari
éta anu // dua jimat 87
sadayana geus kapanggih
énggalna lungsur ka handap
geus sumping ka srimanganti

25. Sultan ka putra ngadawuh
Jagatrasa Gandasari
jimat ku saha beunangna
geuwat ama ménta warti
cedok nyembah Jagatrasa
aya berkah kanjeng gusti

26. Buktina ieu kawula nun
jimat dicandak ku Gusti
putra dua ditangisan
sultan nangis jeung ngalahir
nya dijaga anak mama
ama langkung sukar teuing

27. Ayeuna manéh téh Agus
jadi sultan di nagari
ama mah badé maréman
sabab anggeus sepuh teuing
mangga ku ama diangkat
geus ku ama ponggawa mantri

28. Dén Jagatrasa piunjuk
kawula nun kanjeng gusti
abdi naroskeun pun // akang 88
hayang tepang jisim abdi
réh putra badé diangkat
jeung Engkang kedah badami

29. Kanjeng sultan énggal nyaur
euh Ujang Ki Gandasari
perkara si Jagatnata
ayeuna anggeus lestari
huluna téh jadi dua
sarta geus paéh sakali

30. Cedok Nyembah Radén Bagus
angkat duaan jeung rayi
dibukakeun mayit raka
ku radén geus katingali
tétéla raka geus wapat
rayi-raka padanangis

31. Mayit dirangkul dicium
Engkang hanteu nyana teuing

ka rayi ninggalkeun wapat
Akang teu nyaah ka rayi
lajeng mayit duturuban
duaan nu kasép calik

32. Sidakep éta Dén Bagus
payuneun Parameswari
bari nyandak cupu jimat
Dén Jagat ngalahir
muga kakang Jagatnata // 89
masing waluya deui

33. Mayit kulisik geus hirup
ngarangkul ka Gandasari
Engkang téh neda hampura
dosa gedé dosa leutik
engkang téh rumasa salah
goréng tékad gindi pikir
34. Dén Jagatrasa piunjuk
sasauran bari nangis
Insya Alloh dihampura
sawangsulna engkang rayi
ku Engkang kudu hampura
dosa gedé dosa leutik

35. Kanjeng sultan urang catur
geus miwarang Radén Patih
kumpulkeun kabéh pongggawa
para raja para mantri
urang ngajenengkeun sultan
peuting engké Radén Patih

36. Dén Patih nyembah piunjuk
abdi-abdi geus sayagi
parantos dongkap sadaya
tatabeuhaan kitu deui
ronggéng ogél sareng wayang
para raja geus sarumping

37. Sadaya ponggawa kumpul
demang simarengan mantri // 90
parantos linggih sadaya
para raja dina korsi
sadayana para putra
geus caralik éta na korsi

38. Kanjeng Sultan seug ngadawuh
éh sadaya para mantri
ayeuna kawula saksina
ayeuna anak anu leutik
ngan anak Jagatrasa
diangkat jadi bupati

39. Mariem diseungeut jelegur
anu surak tingjarerit
ngaguruh jeung tatabeuhan
jeung Ujang kebat ngalahir
sareng masihan makuta
kanjeng diterapkeun sakali

40. Ayeuna manéh téh Enung
enggeus dongkap kana takdir

Ujang téh diangkat sultan
nyakrawati di nagara
sanajan Enung bungsuna
radén nu meunangkeun bukti

41. Para raja pada munjung
sarawuh jeung para mantri
sultan anom cedok nyembah
munjungan ka rama gusti
ku abdi ditampi pisan
ganjaran paparin gusti

42. Sultan anom ngadeg nyaur
éh sadaya ponggawa mantri
kawula // geus jadi sultan 91
ngabawah salawé nagri
di dieu di Nagri Saélan
perabu anom nyakrawati

XV. SINOM

1. Tatapi rasa kawula
hanteu ngeunah kana diri
sanajan tepi ka kadar
jadi sultan di nagari
kurang ngeunah kana ati
kusabab ngalanggar sepuh
karana saméméh kawula
nu diangkat leuwih misti
enya ieu Akang Kumbang Jagatnata

2. Karana menggah kawula
geus jumeneng di Majeti
ngabawah antéro raja
geus puguh ponggawa mantri
ku kaula geus ka pikir
jadi sultan rék dilungsur
nya ieu ka pang sepuhna
jadi sultan di nagari
disanggakeun makuta téh ka rakana

3. Bari nyanggakeun makuta
Dén Jagatnata ngalahir
Engkang kedah jadi sultan
di Saélan nyepeng nagari
éh sadaya para // mantri 92
somawona para ratu
kudu para aruninga
nu jadi sultan di nagari
raka emas Radén Kumbang Jagatnata

4. Jedur mariem disada
ngaguruh jeung sora bedil
éar jalma anu surak
nganngkat sultan di nagari
kebat radén téh ngalahir
éh sadaya ulah palsu
ngawula ka ieu Engkang
saha-saha goréng ati
kawula pisan bakal pimusuheunana

5. Radén Kumbang Jagatnata

anggeus jumeneng narpati
jadi sultan Nagri Saélan
ngabawah antéro nagari
sadaya ponggawa mantri
kitu deui para ratu
munjungan ka sultan anyar
rayi-rayi kitu deui
marunjungan sadaya ka sultan Saélan

6. sultan nu anyar ngandika
sadaya ponggawa mantri
sakalian para raja
ayeuna saé marulih
geus lami ngosongkeun nagri
kudu mulang // buru-buru 93
bisi aya kuma onam
ti dinya munjung ka Gusti
sadaya anggeus budal ti padaleman

7. Dén Jagatrasa unjukan
sareng Radén Gandasari
haturan ka Rama Gusti
manawi aya paidin
sinarengan ridho galih
jisim abdi amit mundur
badé mulang ka nagara
tina kalamian teuing
sadaya ama nu langkung uninga

8. Ramana énggal ngandika
nu dimana jadi raja

ka ama teu unjuk warti
ama hanteu nyana teuing
iraha geus nyepeng nagri
ujang téh geus jadi ratu
coba ama ménta terang
Jagatrasa unjuk ta'dim
aya hibar pangdua ti kanjeng rama

9. Sim abdi jumeneng raja
sumuhun nagri Majeti
nagarana tuang putra
Endén putri Walangsasih
waktu ka pengker sim abdi
basa ku rama diutus // 94
milari impénan téa
barang dongkap ka Majeti
keur saémbara éndén putri di nagara

10. Jeung sultan kebat mariksa
na dimana tuang rayi
ku Agus hanteu di candak
ama téh hayang panggih
Jagatrasa seug ngalahir
sarta bari muka cupu
Nyai cing geura kaluar
tina cupu bijil putri
anu opat sarua pisan geulisna

11. Sampoyong putri munjungan
ka ibu nya kitu deui
hookeun baé ramana

ningal éta para putri
bet aya putri geulis
sasauran jero kalbu
muji ka Dén Jagatrasa
anak Aing leuwih sakti
kanjeng sultan mariksa ka Jagatrasa

12. Bojo Agus anu mana
jeung bojona Gandasari
cedok nyembah Jagatrasa
bojo abdi Walangsaih
nu kolot néng Lambangsari
ari bojona kang Agus
aceuk // putri Langsara 95
nu ngaduda Lambang Sari
jisim abdi adi beuteung perenahna

13. Jeung sultan énggal ngandika
Agus kudu ridho galih
éta adi beuteung téa
anu ngaran Walang Resmi
lamun rempug sareng jinis
sumawona sareng Agus
réhna éta tuang raka
tacan kedah bojom putri
cing tikahkeun éta ka Dén Jagatnata

14. Dén Jagatrasa unjukan
mungguhing diri sim abdi
sarua baé sukurna
ditikah ku Akang Gusti

palangsiang teu katampi
sareng Engkang moal purun
sultan téh da nyarita
ramana lajeng ngalahir
sultan anom abdi mah badé ngiringan

15. Pada purun duanana
hanteu ngahésékeun deui
lain cara nu ayeuna
kudu maké pamahgi
olok roko sareng pipi
Eneng Putri mah teu kitu // 96
dilamar jawab sumangga
enggeus jadi enéng putri
sultan sepuh gancang nyaur panakawan

16. Manéh masing gancang iyang
geuwat saur Radén Patih
mantri sareng Radén Jaksa
kang panghulu kitu deui
modin-modin kitu deui
sadayan sarat kaum
panakawan cedok nyembah
leumpang gancang ka Dén Patih
Radén Patih mariksa ka panakawan

17. Arék naon panakawan
utusan nyembah ngalahir
abdi téh nyembah timbalan
ti karaton kanjeng gusti
anu mawi abdi gasik

gamparan énggal disaur
cedok nyembah panakawan
ti dinya téh lempang deui
kapanghulu sakalian ka kalipah

18. Sadaya geus pada angkat
geus sumping ka Pancaniti
cedok nyembah sadayana
kanjeng sultan seug ngalahir
niat urang Radén Patih
tatapina lamun rempug
rek nikahkeun sultan anyar
ka Dén Putri Walang Resmi
sultan // anom ngonggong-ngonggo sultanan 97

19. Urang bujengkeun énggalna
keselen anu ngaruping
sultan anom dilapadan
kuma biasa sasari
sadayana khotib modin
sareng juragan panghulu
éta geus nampa ipekah
ijab kabul anu misti
pangantenan duanana tos denrengan

20. Sadayana barang tuang
sultan téh teras ngajerit
katarajang ku kolera
geus diriung para istri
sultan sepuh hanteu eling
diriung dirubung-rubung

Kanjeng Sultan dongkap ajal
pupus geus dongkap mangsa
dipundut ku Gusti anu kawasa

21. Mani éar nu nangis di padamelan
sadayana hanteu béhbar
putra putri téh narangis
tuluy dibungkus sakali
pék digotong éta mayit
harita tuluy dikubur
dirasanan sabiasa
mayit dikubur sandiri
sadayana // geus sarumping ka padamelan 98

22. Parantosan nyusur tanah
ménak sadaya marulih
ka bumina-ka bumina
sadaya istri prihatin
ditilar ku raja sepuh
dikaraton padangungun
henteu siga biasana
tiiseun di srimanganti
Ratna Wulan nyauran ka paraputra

23. Agan ibu téh ayeuna
moal milu ka Majeti
rék tetep baé di Saélan
rék ngeusian itu bumi
nu luareun seri manganti
enggeus ngalih para ibu
pada tetep sadayana

keur waktu harita perhatin
Gandasari Jeung Jagatrasa

24. Ka Jagatnata unjukan
kawula nun raka gusti
tuang rayi badé mulang
tina kalamian teuing
hawatos ninggalkeun nagri
duanana pada munjungan
sumawona ka ibuna
para istri kitu deui
geus munjungan tuluy asup kana jimat

25. Ari dawuh Sultan Sélan // 99
Akang ngaduakeun rayi
lajeng mangkat duanana
ibuna pada narangis
anu mulih kitu deui
gancangan anu arangkat
geus ti jero nagri
Gandasari Jagatrasa ngawang-ngawang

XVI. PANGKUR

1. Teu dicatur di jalanna
Jagatrasa sareng Gandasari
ka anggeus cunduk
geus sumping ka kaca-kaca
lajeng lungsur duanana Radén Bagus
ngaréndéng angkat duaan

sumping ka jero nagari

2. Lajeng angkat ka pamengkang
Radén Patih ka sondong di Pancaniti
Dén Patih Arya Wulung
munjungan ka kanjeng raja
urang tunda di Majeti kangjeng ratu
nyarioskeus sultan Saélan
katilan rama prihatin

3. Pangantén Jagatnata
langkung sono sareng Endén Walangresmi
silih ciwit silih cium
barang eukeur panganténan
datang // sétan ngagoda ka Kangjeng Ratu 100
asup kana manah sultan
ras éling ka garwa rayi

4. Sultan Saelan kaédanan
saban poe hanteu pisan bear budi
éling baé ka Dén Ayu
ka garwa Den Jagatrasa
ka nu sepuh ka édanan kanjeng ratu
énggal nyaur Radén Patya
geus sumping ka payun gusti

5. Radén patih ngadeuheusan
mando tungkul di payuneun Kangjeng Gusti
Kanjeng Sultan seug ngadawuh
mamang patih kum kaula
émut baé ka garwana rayi ratu

rayina Dén Jagatrasa
anu ngaran Lambangsari

6. Ati kula hanteu ngeunah
ku dulur téh dipalsukeun kacida teuing
mamang patih kumaha atuh
Lambangsari sangkan beunang
tatapina jeung dulur supaya lulus
ku kula rék ditukeuran
ku Dén Putri Walangresmi

7. Éta Dén Patih ngandika
raos abdi moal saé Kanjeng Gusti // 101
lamun kitu tangtu rusuh
jisim abdi teu ngiringan
tada teuing rayi gamparan téh napsu
Kanjeng Sultan kasrengan
salira mani ngagidir

8. Manéh Patih Wiranata
wani-wani nyempad katimbalan aing
manéh ku aing dihukum
coba pilih mending mana
arék nyawad atawa rék ngagugu
da aing anggeus kawasa
najan patih geus dibui

9. Menggahing diri pun paman
tadi ogé lamun rempeg sareng Gusti
hanteu dimanah ku ratu
pun paman mangga ngiring

kaleresan moal kiat rayi ratu
kalenggah salira raja
abdi kurud baé kumis

10. Karana di Saélan
loba pisan ponggawa para bupati
sumawona serdadu
dedemit sareng siluman
hanteu kurang asa moal kalah pupuh
sabaraha dijayana
ku tina loba dedemit

11. Ayeuna geura suratan
para raja kudu kumpul di nagari // 102
sareng sadia serdadu
bakalna ngarurug perang
atawana nyadiakeun éta nusuh
bisi datang ka nagara
patih dinya baé tulis

12. Radén Patih énggal nyerat
ngetok kawat nyeratan para bupati
surat kawat anggeus tuluy
para raja nampa surat
geus kamaphum para raja téh disaur
sarat kudu mawa balad
ti Saélan timbalan Gusti

13. Para raja geus sadia
wadia balad sadaya dikerid peti
léknan ajidan serdadu

komandan kaptén jeung sersan
enggeus iang sadayan para ratu
teu dicatur di jalana
geus dongkap ka wates nagri

14. Para raja masanggrahan
sakalian harita ngadegkeun tangsi
salawé nagara kumpul
pinuh du Nagara Saélan
hanteu puguh itunganana serdadu
anging Alloh anu uninga
lobana cara kikisik

15. Urang tunda Sultan Saélan
kacarioskeun Kang Raja di Majeti
nyaur Patih Arya Wulung
kumaha Rayi ayeuna
pun Kakang téh tina ayana deui maksud
hayang pésta di nagara
suratan // para bupati 103

16. Kudu mawa buburonan
sareng kudu sadia perjurit
bisi aya anu ngamusuh
eukeur urang sukan-sukan
aya raja ngaraman ka urang nempuh
ari anggeus sadia mah
hanteu jadi susah deui

17. Radén Patih cedok nyembah
lajeng mundur ti payuneun

ka paséban buru-buru
lajeng ngadamelan serat
para raja sadayana gé disaur
sukaréla nu kabawah
ka bawah nagri Majeti

18. Énggal serat anggeus iyang
pada nampa surat ku perbupati
unggelna anggeus ka maphum
sadayana para wargi
anggeus iang para raja jeung serdadu
nyandak kapal sadayana
ngabujeng Nagri Majeti

19. Urang tunda nu keur angkat
nyarioskeun kanjeng sultan di nagari
di Saelan keur gunem catur
kanjeng sultan Jagatnata
nyaur patih anjeunna bari jamedud
jeung sultan ngadamel serat
buat ka Nagri Majeti

20. Unina téh éta surat
Ingkang Rayi di Majeti Jagatrasa
anu jeneng parebu // 104
ieu serat téh ti Akang
ti pun Akang di Saélan Akang nu mashur
ari Rayi téh ayeuna
perkawis dina upeti

21. Kudu ngawula ka Saélan

saban taun ka Akang lapur upeti
jeung sakabéh para ratu
anu di bawah paréntah
kudu baé sadayana taluk
garwa Rayi téh tukeuran
Lambangsari ku Walangresmi

22. Nu ngadamel éta serat
geus parantos dipasihkeun Dén Patih
Kangjeng Sultan seug ngadawuh
manéh baé Wiranata
kudu iyang ka ditu ka rayi ratu
sarta bawa ieu surat
buat ka Raja Majeti

23. Radén Patih nampa serat
cedok nyembah mundur ti payuneun Gusti
Radén Patih biur ngapung
énggalkeun nu ngawang-ngawang
dijalana ku nu ngarang teu di catur
radén patih geus ngungkulan
éta Nagara Majeti

XVII. ASMARANDANA

1. Kocapkeun raja Majeti
keur kumpulan di pamengkang
ponggawa kumpul sakabéh
keur teuteubah bakal pésta
nyadiakeun tatabeuhan // 105
raja patih ngadawuh

rayi kumaha sadia

2. Dawuhan raja ka patih
dimana ari geus dongkap
tatami ti Nagri Saélan
ku rayi kudu dihormat
sarta linggihkeun di dinya
ku patih kudu diaku
sarta payunan heula

3. Catur Radén Patih sumping
utusan ti Nagri Saélan
ngemban timbalan sangkatan
ti luhur lungsur ka handap
énggalna téh ka pamengkang
Radén Patih gura-giru
anggeus calik na pamengkang

4. Dén Patih ngarontok nangis
nyanggakeun bebendu baé
ulah bendu ka pun paman
Gusti ieu téh pun paman
ngemban téh teu pisan-pisan
gaduh ati anu palsu
Mamang dongkap ngan derema

5. Unjuk hatur bari nangis
tungkul mando Radén Patya
énggal dipariksa baé
paman téh ngemban timbalan
ti rakana Sultan Saélan

Radén Patih unjuk hatur // 106
pun paman ngabantun serat

6. Disanggakeun ku Dén Patih
serat dicandak ku raja
énggalna diaos baé
ngaos serat ku duaan
ku rayi sinareng raka
serat diaos geus cukup
dibeubeutkeun éta serat

7 Paman hanteu nyana teuing
karah kitu Sultan Saélan
hanteu nyana goréng haté
hanteu pantes hanteu parenah
bet kawas lain jadi sultan
naha boga téga kitu
kawula béak hanjakal

8. Teu pantes nu nyepeng nagri
boga niat goréng tékad
komo teuing ka nu séjén
anu geulis pamajikan
meureun dipaksa dipénta
ka dulur ogé sakitu
ngajak tukeur pamajikan

9. Da geus kieu takdir diri
jeung dulur kudu perang
urang dialajar baé
jeung lanceuk perang tanding

Gandasari ngawalonan
Akang Rayi hanteu puguh
jeung dulur wani perang

10. Paman mangga geura mulih // 107
ieu bawa deui serat
serat téh ieu diwalon
ku Kang Rayi nu saenyana
naha manah kitu Engkang
manah engkang téh kaliru
éta mah martabat domba

11. Perkawis Nyi Lambang Sari
ku Raka rék ditukeuran
dijieun sato embé
ditukeurkeun kana domba
atawa dijieun hayam
rayi mah lain nu burung
tara tukeur pamajikan

12. Lamun keukeuh-keukeuh teuing
Engkang téh rék mikahayang
nyieun satruka saderék
jeung nuturkeun pamajikan
méméhna Rayi kabandang
ngaduakeun heula panemu
di Saélan masing sadia

13. Serat parantos sakali
ditilep lajeng dielak
sakalian dicap baé

dipasihkeun ka mang patih
Radén Patih annggeus nampa
unjukan ka Kanjeng Ratu
Gusti abdi badé mulang

14. Biur ngapung Radén Patih
nepi kana méga bodas
dijalanna teu dicarios
urang bujengkeun enggalna // 108
geus sumping ka Nagri Saélan
Radén Patih angkat rusuh
anggeus sumping ka pamengkang

15. Kanjeng Sultan keur linggih
dian korsi gading emas
parekan ti handap bérés
Sultan Saelan seug ngadika
paman kumaha béjana
Dén Patih nyembah pinjuk
Kawula nun ieu serat

16. Serat walonan ti rayi
éta ti Dén Jagatrasa
serat disanggakeun baé
ku Jagatnata dibuka
enggeus tamat diaosna
raray sultan beureum ngempur
dibeubeutkeun éta serat

17. Sarta sasuran bengis
paman patih sing sadia

perjurit kerid kabéh
ulah aya kakurangan
poé isuk urang iang
pasanggrahan sisi laut
cedok nyembah Radén Patya

18. Lajeng patih ngalahir
kasadaya para raja
dawuha jeung Sultan Anom
kudu sing sadia balad
mariem parabot perang
dawuh sultan poé isuk // 109
mapag musuh Jagatrasa

19. Para ponggawa kawarti
balad-balad geus sadia
sareng parabot geus jogo
taya pisan kakirangan
tunda di Nagara Saélan
ratu Majeti kacatur
nyaur rayi Radén Patya

20. Éta Dén Patih geus sumping
ngadeuheus ka kanjeng raja
dawuhan kanjeng raja téh
dawuhan kanjeng raja téh
kumaha Rayi geus sadia
para raja geus darongkap
Dén Patih nyembah piunjuk
nembé sapalih teu acan

21. Ngantosan sapalih deui
barang eukeur sasauran
geledug mariemna téh
para raja anggeus dongkap
kanjeng raja seug ngandika
papagkeun Rayi ka ditu
masing gancang tumpak kuda

22. Témbalkeun ku rayi patih
montong turun tina kapal
ku sadaya kudu dago
terus ka Nagara Saelan
yén bakal ngarurup perang
éta Radén Patih tuluy
mancat kuda ules napas

23. Kuda lumpat mangprung tarik // 110
teu kacatur di jalanna
urang gancangkeun carios
anggeus sumping Radén Patya
tetela yén para raja
Radén Patih kebat lungsur
tongkang geus turun ka kapal

24. Éta Dén Patih geus calik
geus tepang jeung para raja
Dén Patih nimbalkeun baé
éh sadaya para raja
sarawuh para ponggawa
timbalna sang ratu
terus ngarurug ka Saélan

XVIII. DURMA

1. Anggeus putus Dén Patih nimbalanana
énggal mancal kuda deui
hanteu kocap dijalanna
geus sumping kana pamengkang
énggal lungsur Radén Patih
tungkul mando Radén Patih

2. Kanjeng Raja mariksa ka Radén Patya
kumaha béjana rayi
éta kapal para raja
sanggeus ditimbalan
cedok nyembah Radén Patih
ditimbalkeun ku sim abdi

3. Geus sayogi taya pisan kakirangan
kangjeng raja seug ngalahir
rayi ulah angkat-angkatan // 111
tungguan ieu nagara
poma masing ati-ati
sing lantip manah
ngajagi ieu nagari

4. Kanjeng Raja nganggo-nganggo karajaan
sapasang jeung Gandasari
kasép garandang pisan
geus taya cawadeunana
geus lungsur ti Pancaniti

sareng para garwa
sadayan tunggang béndi

5. Kanjeng raja anggeus jauh ti nagara
sumping ka sisi basisir
lungsur kana kapal
sareng éta bebekelan
barang-barang geus ditarik
terus baé barlayar
keur pinareng hadé angin

6. Teu dicatur di jalanna kanjeng raja
sumping kana wates nagri
tepis wiring Nagri Sélan
jauh kénéh ka nagara
lalakon sapeuting deui
geus labuh jangkar
urang tunda nu di cai

7. Kacarita Kanjeng Sultan Nagri Saélan
geus angkat ti Pancaniti
diiring ku para raja
jeung ngaguruh ku tatabeuhan
anu surak tingjarerit
taya kasusahna
geus sumping // ka sisi cai 112

8. Masangrahan éta sadayana raja
ti dinya téh nyieun tangsi
parantosan anu geus dangdan
geus geledug mariemna

anu surak tingjarerit
jeung tatabeuhan
nandakeun rék maju jurit

9. Geus dipasang bandéra pertanda perang
musuh geus hanjat ti cai
geus entong aya tatana
najan anu encan hanjat
ditorog baé ku bedil
musuh di kapal
tingjelegur sora bedil

10. Dibedilan kapal Radén Jagatrasa
istri pating jarerit
anggeus ribut nu di kapal
teu acan kaburu hanjat
perang hanteu aya adil
ku hayang puas
geus teu aya tatan deui

11. Kanjeng Sultan ngandika ka para raja
ayeuna kula rék indit
maju kana médan
duaan baé jeung Engkang
dimana keur ngamuk jurit
pajukeun kapal // 113
ulah katepi ku bedil
ngajak tukeur pamajikan

12. Gandasari éta sareng Jagatrasa
nganggo kaos jimat keris
biur ngapung ngawang-ngawang

anggeus sumping kana médan
dipaju kabéh perjurit
taya nu kuat
anu paéh tumpang tindih

13. Balad loba dipajuan ku duaan
jus-jos keris Gandasari
séwot pangamukna
loba balad nu lumpat
para raja kitu deui
loba nu tobat
sadaya masrahkeun diri

14. Katingal ku sultan sadaya balad
éta hanteu tahan jurit
coréngcang balad ti Saélan
Kanjeng Sultan jeung ngandika
geura maju paman patih
tuh kana médan
énggal dangdan Radén Patih

15. Radén Patih angkat kana pakalangan
semu gedé nya wawanén
anggeus dongkap kana médan
Radén Patih seug susumbar // 114
Geura bijil ratu Majeti
hayu urang perang
ka dangu ku Ganda Sari

16. Aduh rayi éta paman patih nantang
ka urang nantang ngajurit

kanjeng rayi nya énggal mangkat
nangtung baé Radén Patya
tatabeuhan anggeus muni
sareng anu surak
gebrug ngarontok Dén Patih

17. Aduh gusti abdi seja pasrah kadar
wani sotéh nantang jurit
baréhna sieun ku sultan
bisi pajar teu ngagugu
Ratu Majeti lahir
ari kitu mah
mangga paman geura nyingkir

18. Kanjeng Sultan ningali ka Radén Patya
anggeus talu ka Majeti
kanjeng raja énggal angkat
sidakep sinunggu tunggal
ngaos isim ngumbah isim
jin sétan siluman
dedemit sinareng ipri

19. Anggeus datang sadayana sétan siluman
di nagara heurin usik
geus teu puguh réana
anging Alloh nu uninga
réana cara sasari // 115
sultan nimbalan
iblis maju perang jurit

20. Éta jurit geus maju kana kalangan

nangtang ka Radén Majeti
geura bijil Jagatrasa
jeung aing perang tanding
kadangu ku Gandasari
panas kacida
sang raja angkatna gasik

21. Gandasari Jagatrasa lajeng angkat
anggeus tepang sareng iblis
manéh téh raja ti mana
mawa balad loba teuing
iblis ngajawab
nya aing raja iblis

22 Ieu aing timbalan sang Raja Saélan
teukteuk beuheung Gandasari
timbalan kudu paéhan
raja Majeti ngalahir
nya aing pisan
ngarontok ka Kanjeng Gusti

23. Gancang Gusti galungan sareng siluman
duaan raka jeung rayi
silihséréd pada bedas
radén hanteu pilih lawan
kanjeng ratu nyabut keris
jus-jos newekan
siluman patingjarerit
24. Paéh hiji nu datang mah laksa-laksa
Gusti téh teu pilih tanding // 116
duaan sareng rakana

tambah loba jin siluman
geus meunang tujuh peuting
taya béakna
éta beuki loba iblis

25. Isim téa diwejang ku kanjeng raja
tapi teu aya nu matih
éta jimat hanteu teurak
tambah loba éta sétan
kanjeng raja tumpeg galih
eureun sakedap
nyampeurkeun para bupati

26. Kanjeng Gusti geus linggih di Pasanggrahan
Gandasari seug ngalahir
Akang hanteu kiat
perang tanding reujeung sétan
ayeuna sumangga Rayi
majeng nyalira
Engkang mah badé barenti

27. Jagatrasa ngawalonan ka rakana
keun baé ku tuang rayi
najan dongkap ka ajal
Akang mah geura barénti
Rayi rék ngalawan jurit
moal ngejat
manan ngejat kajeum mati

28. Para raja hanjat kabéh tina kapal
sumawonna para istri

éta sami masanggrahan
ngaguruh asa ka indit
iblis sosoak
nangtang // ka Karaton Majeti 117

29. Geus kadangu ku ratu panangtang sétan
raja téh ngagejlig bumi
torojol kudana datang
dedepengan jeung disada
kuda hanteu daék cicing
sarta tétéjrag
hayang geura ngamuk iblis

30. Jagatruyung sadia beunang nyelaan
jeung sadia cameti
énggalna téh tunggangan
digebrig kuda téh luncat
sumping kana médan jurit
adu hareupan
Kangjeng Gusti sareng iblis

31. Jagatruyung ngamuk jin siluman sétan
disépak sareng disigit
anggeus tambah loba
diamuk lainna béak
Gusti kalingkung ku iblis
kuda seug ngejat
nyingkir tina médan jurit

32. Jagatruyung ngajugjug kana kiara // 118
geus lungsur Ratu Majeti

dina handapeun kiara
si Jagatruyung haturan
kawula nun Kangjeng Gusti
abdi hanteu kiat
perang tanding sareng iblis

33. Kawula nun jisim abdi badé mulang
kuda harita geus leungit
kantun raja nyalira
nangis di handapeun kai
rayi émut ka Yang Pandita
bari sasambat
sedih barina jeung nangis

34. Éyang neda tulung kalah perang
ieu patuhan teu kiat
peperangan sareng sétan
tina tos kabandan abdi
nyanggakeun diri pribadi
teu langkung Éyang
dongkap Éyang ti pungkur Gusti

XIX. PANGKUR

1. Aduh Agan kalah perang
naha geus béak Agan téh nu maratih
Éyang téh méré pituduh
Agan kudu salin rupa
digenti awewe nu geulis punjul
tuluy nyampeurkeun balad
tangtu kabur éta iblis

2. Mun teu kitu moal beunang
najan tepi ka kiamah
coba turut pangwuruk Éyang sakitu
Pandita Yajid geus musna
Gusti nyaur kana ali

3. Ali kula salin rupa
ménta rupa istri anu geulis leuwih
anggeus salin Kangjeng Ratu
jadi istri sataranjang
lajeng maju angkat kana médan pupuh
sumping kana pangperangan
keur sosoak baé iblis
montong loba ucap teuing

4. Geura bijil Jagatrasa
lamun teu mahi élmu manéh anggur sisip
gancang manéh geura taluk
ngawula ka Sultan Saélan
jeung perang mah leuwih hadé taluk
Kangjeng Gusti seug gandik

5. Barang katénjo ku sétan
geus tétéla istri anu maju jurit
jin siluman kabéh kabur
nu ka cai nu ka darat
henteu kari // sawaréh anu ka gunung 120
ngan kantun sultan nyalira
taya anu tinggal hiji

6 . Ku sultan geus kauninga
balad Saélan hanteu aya nu mahi

Kangkeng Sultan rada mesum
sarta bari nyandak pedang
geus dianggo ti pungkur nyongkleng duhung
lajeng angkat kana médan
kana tempat kalang jurit

7. Kangjeng Sultan seug susumbar
Jagatrasa Gandasari geura bijil
kadangu ku Kangjeng Ratu
énggalna raja téh angkat
Kangjeng Ratu jeung Sultan anggeus patepung
Sultan Saélan seug ngandika
Ieu tahan keris aing

8. Ratu Majeti ngandika
aduh Engkang muga-muga masing éling
naha bet kawas nu burung
Engkang sing panjang ingÉtan
Sultan Sélan narajang bari ngadawuh
sia montong loba ucap
da geus kieu kadar aing // 121

9. Sultan Saélan narik pedang
bek dipedang éta jeung Ratu Majeti
salirana liat ngebul
Ratu Majeti seug baksa
anu surak serdadu mani ngaguruh
geus teu puguh dadanguan
campur sareng sora tanji

10. Mangka Akang ieu tahan

masing hadé ngajagaan pedang rayi
seug dipegang ku sang perbu
éta ngebul Sultan Saélan
geus sarua pada weduk Kangjeng Ratu
sarua pisan teuasna
taya nu kasoran hiji

11. Kek dicekel Jagatrasa
Jagatnata bari nampiling ka rayi
kapiuhan Radén Bagus
diguruhkeun tatabeuhan
ngador-doran sora tanji reujeung campur
barang émut hudang
nyaur salebeting galih

12. Naha tega teuing Akang
hanteu aya rasna ka tuang rayi
Jagatrasa bijil napsu
diteuweukan Sultan Saélan
jebét males rakana bari ngudupung
hanteu pisan meunang gugah // 122
cengkat ditampiling deui

13. Anggeus leuleus Sultan Saélan
keuk dicekel éta Ratu Majeti
Sultan Saélan biur ngapung
nyumput kana mega bodas
gancang Ratu Majeti téh anggeus nyusul
lajeng ngapung ngawang-ngawang
awahing nyusul tarik

14. Geus kapendak Sultan Saélan
keuk ditéwak éta ku Ratu Majeti
geus kacekel ku Dén Bagus
les ngaléungit Sultan Saélan
nerus bumi mani buni anu nyumput
disusul ku Jagatrasa
kapanggih di dasar bumi

15. Keuk ditéwak Jagatnata
leungit deui ngajadikeun malati
bijil deui Radén Bagus
kalangkung eweud manahna
lajeng calik dina sahandapeun randu
sasambat baé Ka Éyang
Éyang tulung jisim abdi

16. Torojol sumping ka Éyang
Kangjeng Ratu ngarangkul barina nangis
pandita kebat ngadawuh
aduh Agan kalah perang // 123
ayeuna Agan sing gancang ka ditu
ari tuang raka téa
ngajadikeun malati

17. Lamun ku Agan kapendak
ditangtukeun tuang raka nyumput deui
asup kana jero duhung
kakara ku Agan beunang
nya di dinya seug wejang ajian lumpuh
pék ayeuna geura téang
geus nyaur Syeh Yazid leungit

ku Jagatrasa kaharti

18. Lajeng angkat Kangjeng Raja
geus kapendak éta téh kembang malati
ku Jagatrasa dicabut
dibeubeutkeun kana cadas
leungit deui éta nyumput kana duhung
dina duhung Jagatrasa

19. Linggih heula Jagatrasa
seug ngawejang ajian lumpuh nu matih
diaosna anggeus tutup
éta duhungna dicandak
dibeubeutkeun ku ratu kana tunggul
terasna sultan kaluar
sarta barina ngalahir

20. Nyata manéh // téh dijaya 124
hanteu nyana gagah tuang rayi
Akang nyumput baé katimu
tadina ngan nyoba-nyoba
geus katerap Sultan Saélan jimat lumpuh
gebut niba Sultan Saélan
salirana hanteu usik

21. Aduh rayi Akang tobat
asa rujad nyeri teuing tulang sandi
Ratu Majeti ngadawuh
geura tangkeup Sultan Saélan
sadayana para raja gugup
seug diranté Sultan Saélan

dawuhan Ratu Majeti

22. Asupkeun kana panjara
Sultan Saélan kalah perang ku kang rayi
salirana mani pinuh
ku ranté jeung ku cangkalak
pada surak balad kabéh jeung serdadu
diguruhkeun tatabeuhan
sultan téh kumambang nangis

XX. MASKUMAMBANG

1. Sultan Saélan angkatna téh bari nangis
sareng ka rayi sasambat
naha Rayi téga teuing
sultan asup kana panjara

2. Nu perihatin di jero panjara beusi
anggeus ngarasaan salah // 125
nangis ti beurang ti peuting
sasambat ka Jagatrasa

3. Urang tunda éta nu keur perihatin
jongjon di panjara
kocapkeun Raja Majeti
nimbalan para ponggawa

4. Éh ayeuna sadayana mantri
ieu sadayana ponggawa
para tumenggung jeung mantri

peuting engké urang pentas

5. Sadiakeun tatabeuhan radén patih
Ogél kendang penca
goromong réog jeung tanji
ulah aya kakurangan

6. Sakalian ngajenengkeun raja mantri
nu bakal diangkat
ieu Akang Gandasari
cedok nyembah Radén Patya

7. Sadawuhan gamparan parantos sayogi
jeung kapala sadaya
para tumenggung jeung mantri
boboronan geus sadia

8. Kangjeng Gusti ngadawuh ka Radén Patih
sakur sadia mah
ayeuna mah paman patih
kudu angkat ka panjara

9. Kudu nyandak // serdadu perjurit 126
gegendir jeung cangkalak
tatabeuhan kitu deui
bijilkeun sang Jagatnata

10. Mun geus bijil éta ti panjara beusi
kudu diseratkeun
ku sadaya para jurit
sugan baé kapayunna

11. Ku manahna kapikir jalanan dengki
paman geura angkat
Radén Patih nyembah angkat
énggal angkat ka Paseban

12. Radén Patih nimbalan ka para jurit
éta seungeut mariemna
hayu urang ka panjara beusi
ieu balad sadayana

13. Radén Patih diaping ku tumbak bedil
mani ngaleut éta balad
rék muka panjara beusi
enggeus sumping ka panjara

14. Seug dibuka éta téh panjara beusi
geus kaluar sakitan
salira pinuh ku tali
sarawuh éta cangkalak

15. Disurakan ku serdadu jeung perjurit
disaur ku tatabeuhan
sultan angkat bari nangis
sasambat ka Jagatrasa

16. Énggal sumping babandan // ka Pancaniti 127
ku rayina katinggalan
ningali raka hawatir
nangis dina jero manah

17. Jagatnata ngarumpuyuk bari nangis
Radén Jagatrasa
énggal baé nyandak korsi
Akang ulah linggih di dinya

18. Mangga ngalih ieu kana luhur korsi
rakana hanteu kersa
dipaksa ku Gandasari
lajeng ngalih Jagatnata

19. Aduh Rayi Jagatrasa Gandasari
Engkang geus tarima pisan
sabab Engkang goréng ati
ayeuna sadaya-daya

20. Engkang raka ayeuna ieu Kang Rayi
Akang teu jadi bupati
dicabut ku tuang rayi
ayeuna teu jadi sultan

21. Tina sabab enggeus Akang goréng ati
ayeuna anggeus kaluar
jadi sultan Nagri Saélan
ieu ayeuna Kang Raka

22. Gandasari jadi sultan di nagari
ayeuna saksian (kurang suku kata)
sadaya para bupati
nu jadi sultan di Saélan // 128

XXI. MIJIL

1. Satadina Akang téh rayi
boga lampah awon
niat Akang ngan ngadoja baé
kagagahan salira Rayi
ayeuna kumaha Rayi
da Akang geus kitu

2. Ayeuna Akang geus pasrah diri
dibuang atawa digantung
pasrah pisan pun Kakang téh
geus rumasa gindi pikir
kuma kersa Kang Rayi
Akang hanteu langkung

3. Ngan pamugi Engkang téh Rayi
Engkang tina awon
ulah beurat diri Engkang téh
Ratu Majeti ngalahir
Insya Alloh pisan rayi
ngahampura tangtu

4. Éta Ratu Majeti téh mikir
ka raka hawatos
sarta bari dibuka ranténa téh
barang geus ranté dibuka
jadi naha tuang rayi
teu émut ka dulur

5. Tah ayeuna niat tuang rayi

Akang teu nyekel karaton
diganti ku Rayi baé
nya ku ieu // Gandasari 129
Akang mah di Keling
pindah jadi ratu

6. Tapi Akang poma ari jeneng deui
sing émut nu tangtos
tilik masing hadé-hadé
ari nu nyepeng nagara
masing lantip budi
manah ulah napsu

7. Kitu deui perkawis upeti
Akang kedah lapor
ka Majeti laporkeun téh
muga Akang masing éling
ari nyekel nagri
ulah sok cara ka pungkur

8. Lamun Akang nyorang-nyorang deui
lampah anu awon
geus moal salamet diri téh
cilakana lahir batin
mana kudu éling
lamun hayang rahayu

9. Seug ninggalan ka Ponggawa Mantri
sareng ka para bopatos
geura pada munjung kabéh
éta ka Dén Gandasari

sarengna ka Ratu Keling
mariem diseungeut jegur

10. Tatabeuhan sadayana muni
nayub di jero karaton
cacap suka-suka baé
ménak-ménak pada ngibing // 130
sareng ponggawa laleutik
tamat kabéh pada kaul

XXII. KINANTI

1. Ieu lalakon geus putus
Jagatnata ratu Keling
Gandasari nu di Saélan
Jagatrasa di Majeti
anggeus tetep sadayana
teu aya kakurangan deui

2. Nu nulis ieu pihatur
ka sadaya nu ningali
upami aya anu lepat
neda ma'lum jisim abdi
nulisna bari nundutan
wantu digawé ti peuting

3. Jisim abdi urang kampung
abdi miskin taya tanding
hanteu gaduh panghasilan
lian ti ieu mah nulis
nulis ogé kakapeungan

wantu jisim abdi sakit

4. Ieu nulis sareng batuk
batuk téh parantos lami
hanteu kénging dilandongan
datang batuk eureun nulis
kitu baé salawasna
batuk eureun nulis deui // 131

Sembah baktos sim kuring anu nulis,

Wiradireja

Sukasari, Sindang Reret
Pameungpeuk Banjaran
Bandung

(Salasa, 2 Suro 1346 H)